O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI
XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik
pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti
Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

4«a» kurs talabası Sholpan Adılovanın`

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**TEMA: Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın da`stu`riy ha`m jan`a pedtexnologiya usılları tiykarında oqıtıw ma`seleleri**

İlimiy basshı: f.i.k. A.Utambetova

Kafedra baslıg`ı: f.i.d.,prof. K.Allambergenov

No`kis 2016 - jıl

**Jaqlawg`a ruxsat berildi:**

Fakul`tet dekanı: f.i.k. E.Allanazarov
Kafedra baslıg`ı: f.i.d.,prof. K.Allambergenov
İlimiy basshı: f.i.k.A.Utambetova

***Tema:*** Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın da`stu`riy ha`m jan`a pedtexnologiya usılları tiykarında oqıtıw ma`seleleri

Ma`mleketlik imtixan komissiyasının` qararı:
Pitkeriwshi Sh.Adılovanın` pitkeriw qa`nigelik jumısına «___________» ball qoyılsın
«_____________» 2016-jıl.

MAK baslıg`ı:

MAK ag`zaları:

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı

Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

2015-2016 oqıw jılı

Pitkeriwshi: Sh.Adılova

Ilimiy basshı:  f.i.k. A.Utambetova

«Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın da`stu`riy ha`m  pedtexnologiya usılları tiykarında oqıtıw ma`seleleri» atamalı pitkeriw qa`nigelik jumısının`

**avtorlıq annotatsiyası**

**<u>Temanın` aktuallıg`ı:</u>**

Bu`gingi ku`n oqıtıw  protsessinin` tiykarg`ı talaplarının` biri o`z betinshe erkin pikirley alatug`ın ba`rkamal a`wladtı  ta`rbiyalaw bolıp tabıladı. Sebebi o`zinin` erkin pikiri bar insan g`ana o`z watanın, o`z ideyaların, o`zi ushın muqaddes bolg`an tu`siniklerdi qorg`ay aladı ha`m og`an sadıq bolıp qala aladı.

Usı pazıyletlerdi ta`rbiyalawda  ta`lim protsessinde, ol ulıwma bilim beretug`ın orta mektep boladı ma, joqarı oqıw ornı boladı ma, oqıtılatug`ın ha`r bir pa`n o`zinin` ayrıqsha ornın iyeleydi. Sol pa`nlerdin` ishinde, a`sirese, insannın` ruwxıy jetilisiwinde  ayrıqsha orın  iyeleytug`ın, onın` joqarı ideyalarg`a qaray umtılıwın ta`miynleytug`ın pa`nlerdin` biri a`debiyat bolıp tabıladı.  O`zbekstan Respublikasının` Prezidenti İ.A.Karimov: «A`debiyat, ko`rkem so`z o`neri a`zelden xalıq qa`lbinin` ko`rinisi, haqıyqat ha`m a`dillik jırshısı bolıp kelgen»[1]-degen pikirlerdi aytadı. Usı ko`z-qarastan qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıwg`a ayrıqsha itibar beriliwi kerek dep oylaymız.

«Shejire»-tek g`ana ruwhıy-ko`rkem miyras bolıp qoymastan, ten`i-tayı joq biybaha tariyxıy estelik te bolıp tabıladı. Al, «tariyx sabaqları bolsa insandı sergeklikke sharlaydı», «insan ushın tariyxtan ayrılıw o`mirden ju`da` bolıw degen so`z», «o`zligimizdi an`law tariyxtı biliwden baslanadı» [2].

Usı ko`z-qarastan alıp qaraytug`ın bolsaq ulıwma bilim beretug`ın mekteplerde Berdaq shayır do`retpelerinin` ishinde «Shejire» da`stanının` u`yreniliwi maqsetke muwapıq, sebebi, usınday shıg`armalar arqalı biz keleshegimizdin` tayanıshı bolg`an perzentlerimizdin` o`zligin an`lawg`a, xalqının` tariyxın, o`tmishin u`yreniwge mu`mkinshilikler jaratıp beremiz. A`lbette, bul bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` aktuallıg`ın belgileydi.

**Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları**

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızda tiykarınan qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatının` talantlı wa`kili Berdaq shayır do`retpelerinin` ulıwma bilim beriw

[1] Karimov I.A.Joqarı ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh, T.,2008, 136-b

[2] Karimov İ.A. Asarlari. -Toshkent: Wzbekiston, 2000. T.7. B.136, 139-140.

mekteplerinde oqıtıwı, atap aytqanda shayırdın` «Shejire» shıg`armasının` oqıtılıwı ma`selesin u`yreniwdi maqset etip qoydıq.

Usı maqsetke erisiw ushın to`mendegishe wazıypalardı orınlawımız tiyis:

-birinshiden, Berdaqdın` «Shejire» shıg`armasının` qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminde izertleniwi;

-ekinshiden, Berdaqdın` «Shejire» shıg`armasın da`stu`riy sabaqlar arqalı oqıtıw;

-u`shinshiden, Berdaqdın` «Shejire» shıg`armasın interaktiv metodlar tiykarında oqıtıw;

**<u>İzertlew ob`ekti</u>**

Qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatının` talantlı wa`kili Berdaq G`arg`abay ulının` «Shejire» da`stanın ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtıw menen baylanıslı ma`sele pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` izertlew ob`ekti bolıp tabıladı.

**İzertlewdin` jan`alıg`ı**

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızda Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtıwda da`stu`riy ha`m aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw ma`selesi u`yreniledi, bul ulıwma bilim beretug`ın orta mekteplerdin` qaraqalpaq klasslarının` segizinshi klasslarında u`yreniliwi na`zerde tutılg`an Berdaq shayırdın` «Shejire» shıg`armasın oqıtıwda bu`gingi ku`n talaplarına sa`ykes oqıtıw metodları tiykarında sabaqlardın` modulin jaratıw jumıstın` jan`alıg`ın belgilep beredi.

**İzertlew metodları**

Jumıstı tayarlaw barısında tiykarınan baqlaw metodı, analitikalıq tallaw metodı, metodikalıq ta`jiriybelerdi tallaw metodları qollanıldı.

**Pitkeriw qa`nigelik jumısının` qurılısı**

Pitkeriw qa`nigelik jumısı kirisiw, tiykarg`ı u`sh bap, juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen turadı.

Pitkeriwshi: Sh.Adılova

Ilimiy basshı: f.i.k. A.Utambetova

Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın da`stu`riy ha`m pedtexnologiya usılları tiykarında oqıtıw ma`seleleri

## MAZMUNI

Kirisiw………………………………………………………………………........

I BAP Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasının` izertleniw ma`selesi..........

II BAP. Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasının` ulıwma bilim beriw mekteplerinde u`yreniliwi..........................................................................................

III BAP. Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın interaktiv metodlar arqalı u`yreniw...........................................................................................................

Juwmaq…..…………………………………………………………….............

A`debiyatlar…………………….....................................................................

# KİRİSİW

O`zbekistan Respublikasının` o`z g`a`rezsizligine erisiwi o`zligimizdi an`law, milliy qa`driyatlardın` qa`dirine jetiw usag`an a`hmiyetli mashqalalardı u`yreniwge, na`siyatlawg`a ha`m ruwxıy du`n`yamızdı ken` rawajlandırıwg`a jol ashıp berdi. Sebebi, xalqımızdın` tariyxtag`ı ornın anıqlaw, onın` bay ruwxıy, ma`deniy-a`debiy miyrasların ha`zirgi ilim jetiskenlikleri kontekstinde izertlew ha`m onı keleshektegi a`wladqa u`yretiw bu`gingi ku`nnin` tiykarg`ı wazıypalarının` biri bolıp esaplanadı.

O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın` durıs atap кo`rsetkenindey «Biz milliy ma`nawiyattı ha`r ta`repleme rawajlandırıw ma`selesin o`z aldımızg`a tiykarg`ı wazıypa etip qoyar ekenbiz, bu`gingi ku`nde ma`nawiyatımızdı qa`liplestiretug`ın ha`m og`an ta`sir etetug`ın barlıq faktor ha`m o`lshemlerdi teren` tallap, olardın` bul boyınsha qanday orın tutatug`ınlıg`ın jaqsı an`lap alıwımız maqsetke muwapıq boladı»[3].

Bul orında Berdaqtın’ «Shejire» shıg’armasının’ ayrıqsha a`hmiyetke iye ekenligin atap o’tken orınlı. Sebebi, Berdaq o’zinin’ «Shejire» do’retpesinde xalqımız tariyxın tuwısqan turkiy xalıqlar tariyxı menen tıg’ız baylanısta so’z etip:

«Bu’lgen el qaraqalpaq boldı,

Qırılsa da urpaq boldı»[4], - dep, xalqımızdı «ku’l bolıp qalsa da, qəddine kele beretug’ın Feniks qudayına usatıp, onın’ to’zimli ha’m o’zinin’ o’zligin jog’altpaytug’ın xalıq ekenligin ko’rsetedi»[5].

Berdaq do`retiwshiligine, sonın` ishinde «Shejire» shıg`armasına ta`n usınday sıpatlı belgiler waqtında pu`tkil awqam, ha`tteki du`n`ya a`debiyatı ko`leminde joqarı bahalandı. Ma`selen, zamanımızdın` ullı jazıwshısı Shın`g`ıs Aytmatov Berdaqtın` do`retiwshilik ullılıg`ına, onın` do`retiwshiligindegi xalıqshıllıq sıpatlarg`a: «qarapayım xalıqtın` o`z awzınan shıqqan so`zlerinen

---

[3] Karimov İ.A. Joqarı ma`na`wiyat – jen`ilmes ku`sh. -Toshkent: Ma`naviyat, 2008. B.29.

[4] Berdaq. Tan`lamalı shıg`armaları. –Nөkis: Qaraqalpaqstan, 1987. B.133.

[5] Bazarbaev J. Xalqımız ullı Berdaq nəzerinde / Erkin Qaraqalpaqstan. -No`kis, 2006, 7-dekabr`, -№147 (18361).

ko`rkem du`n`ya jaratıwg`a erisken shayır»[6] dep joqarı baha bergen bolsa, belgili rus ilimpazı Zoya Kedrina: «Berdaqtın` ullılıg`ın «onın` tek xalıqqa xızmet etkenliginde, bılayınsha aytqanda, xalıqtan shıqqanlıg`ında g`ana emes, al Berdaqtın` o`zi qaraqalpaq xalqı ekenliginde. Berdaq – xalıqta, xalıq – Berdaqta»[7] dep a`dil bahalaydı. Ulıwma, ko`pshilik a`debiyatshılar Berdaq shıg`armaların, a`sirese «Shejire» do`retpesin ko`rkem shıg`arma dew menen bir qatarda tariyx dep te qabıl etedi. Bul pikir tariyx ilimi ta`repinen de tolıq maqullawın tapqan. Atap aytsaq, akademik S.K.Kamalov «Berdaq «Shejire»sinde xalıq a`psanaları tiykarında birinshi ret qaraqalpaqlardın` tariyxın du`ziwge umtıldı»[8] dep, onın` «Shejire»sinin` ko`rkem shıg`arma bolıwı menen bir qatarda, u`lken tariyxıy estelik ekenligin de atap o`tedi. Haqıyqatında da, «Shejire»-tek g`ana ruwhıy-ko`rkem miyras bolıp qoymastan, ten`i-tayı joq biybaha tariyxıy estelik te bolıp tabıladı. Al, «tariyx sabaqları bolsa insandı sergeklikke sharlaydı», «insan ushın tariyxtan ayrılıw o`mirden ju`da` bolıw degen so`z», «o`zligimizdi an`law tariyxtı biliwden baslanadı» [9].

Usı ko`z-qarastan alıp qaraytug`ın bolsaq ulıwma bilim beretug`ın mekteplerde Berdaq shayır do`retpelerinin` ishinde «Shejire» da`stanının` u`yreniliwi maqsetke muwapıq, sebebi, usınday shıg`armalar arqalı biz keleshegimizdin` tayanıshı bolg`an perzentlerimizdin` o`zligin an`lawg`a, xalqının` tariyxın, o`tmishin u`yreniwge mu`mkinshilikler jaratıp beremiz. A`lbette, bul bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` aktuallıg`ın belgileydi.

**Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları**

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızda tiykarınan qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatının` talantlı wa`kili Berdaq shayır do`retpelerinin` ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtıwı, atap aytqanda shayırdın` «Shejire» shıg`armasının` oqıtılıwı ma`selesin u`yreniwdi maqset etip qoydıq.

Usı maqsetke erisiw ushın to`mendegishe wazıypalardı orınlawımız tiyis:

---

[6] Berdaq haqqında so`z. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1987. B.77.
[7] Sonda. B.79.
[8] Kamalov S.K. Karakalpaki v XVIII-XIX vekax. –Tashkent: Fan, 1968. S.163.
[9] Karimov İ.A. Asarlari. -Toshkent: Wzbekiston, 2000. T.7. B.136, 139-140.

-birinshiden, Berdaqdın` «Shejire» shıg`armasının` qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminde izertleniwi;

-ekinshiden, Berdaqdın` «Shejire» shıg`armasın da`stu`riy sabaqlar arqalı oqıtıw;

-u`shinshiden, Berdaqdın` «Shejire» shıg`armasın interaktiv metodlar tiykarında oqıtıw;

**İzertlewdin` jan`alıg`ı**

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızda Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtıwda da`stu`riy ha`m aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw ma`selesi u`yreniledi, bul ulıwma bilim beretug`ın orta mekteplerdin` qaraqalpaq klasslarının` segizinshi klasslarında u`yreniliwi na`zerde tutılg`an Berdaq shayırdın` «Shejire» shıg`armasın oqıtıwda bu`gingi ku`n talaplarına sa`ykes oqıtıw metodları tiykarında sabaqlardın` modulin jaratıw jumıstın` jan`alıg`ın belgilep beredi.

**İzertlew metodları**

Jumıstı tayarlaw barısında tiykarınan baqlaw metodı, analitikalıq tallaw metodı, metodikalıq ta`jiriybelerdi tallaw metodları qollanıldı.

**Pitkeriw qa`nigelik jumısının` qurılısı**

Pitkeriw qa`nigelik jumısı kirisiw, tiykarg`ı u`sh bap, juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen turadı.

## I BAP Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasının` izertleniw ha`m baspada ja`riyalanıw ma`selesi

Berdaqtın` o`miri ha`m do`retiwshiligi, onın` lirikalıq ha`m da`stanlıq shıg`armaları, Berdaq ha`m tuwısqan xalıqlar a`debiyatı, Berdaqtın` ayırım shıg`armaları boyınsha qapaqalpaq a`debiyattanıw iliminde bir qatar arnawlı ilim-izertlew jumısları islenip, monografiyalar jazılg`an. Atap aytsaq, N. Da'wqaraev, İ. Sag'itov, A'.Paxratdinov, M.Nurmuxamedov, A.Murtazaev, A.Pirnazarov, B.Qurbanbaev, Q.Ja`rimbetov, Q.Turdıbaevlardın`[10] alıp barg'an ilim izertlew jumısları usınday sıpattag'ı ilimiy miynetler bolıp tabıladı.

Berdaq haqqındag`ı bul izertlewlerdin' ha'mmesinde de Berdaqtın' «Shejire» do`retpesi arnawlı so'z etilmedi desek boladı. Tek filologiya ilimlerinin' doktorı, professor A'.Paxratdinov o'zinin` bir qatar miynetlerinde Berdaqtın' «Shejire»sine ayrıqsha dıqqat awdardı[11]. Biraq, bul jumıslar da Berdaq «Shejire»si boyınsha arnawlı izertlewler emes edi.

Berdaq «Shejire»sine arnawlı izertlew jumısı ko`z-qarasınan pikir ju`ritetug`ın bolsaq, Berdaq «Shejire»sinin` en` da`slepki jıynalıw, bastırılıp shıg`arılıw da`wiri XX a`sirdin` bas gezlerine tuwra keledi[12].

Usı a`sirdin` 30-jıllarınan baslap «Shejire» haqqında da`slepki ilimiy pikirler de bildirile baslandı. Mısalı, «Shejire»nin` da`slepki izertlewshilerinin` biri bolg`an N.Da`wqaraev o`zinin` «Berdaq shayır» atlı kitapshasında

---

[10] Dəwqaraev N. Berdaq shayır. –Nəkis: QQMB, 1950. B.50. Usı avtor. Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1979. T.III. B.360; Sag'itov İ. Berdaq – уллı патриот шайıр. –Nəkis: QQMB, 1943; Usı avtor. Berdaqtın' tvorchestvosı. –Nəkis: QQMB, 1958; Usı avtor. Saxra bylbili. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1974. B.340. Usı avtor. Qaraqalpaq xalqının' ullı demokrat shayırı. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1977. B.40; Paxratdinov Ə. Qaraqalpaq shejiresi. –Nəkis: NMU baspası, 1984.-B.72; Usı avtor. Berdaq shayırdın' dəstanlıq shıg'armaları. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1987. B.344; Usı avtor. Berdaq shayır tvorchestvosının' jıynalıw, basıp shıg'arılıw xəm izertleniw tariyxınan. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1990. B.200; Usı avtor. Berdaq shayır dəretiwshiliginin' geypara məseleleri. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 2003; Usı avtor. Berdaq shayırdın' kərkemlik dyn`yası. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 2007. B.112; Nurmuxamedov M. Berdaq–qaraqalpaq xalqının' ullı shayırı. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1989. B.40; Murtazaev A. Berdaqtın' «Aqmaq patsha» poeması. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1979. B.100; Usı avtor. Berdaq shıg'armalarında zamanagəylik xəm sheberlik. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1993; Pirnazarov A. Berdaq shıg'armalarında qollanılg'an dəretiwshilik usıllar. –Nəkis: Bilim, 1998. B.148; Qurbonboev B. Berdaq ijodi va wzbek adabiyoti. –Toshkent: Fan, 1982. B.116; Ja`rimbetov Q. Berdaqtın` na`siyatları – bizin` ruwxıy du`n`yamız. -No`kis, 1998; Usı avtor: XIX a`sir qaraqalpaq lirikasının` janrlıq qa`siyetleri ha`m rawajlanıw tariyxı. -No`kis: Bilim, 2004; Turdıbaev Q. Didaktikalıq shıg`armalar – ruwxıy g`a`ziynemiz. –Nəkis: Bilim, 2009.

[11] Paxratdinov Ə. Qaraqalpaq shejiresi. Nəkis: NMU baspası, 1984; Usı avtor. Berdaqtın' dəstanlıq shıg'armaları. –Nəkis: Qaraqalpaqstan, 1987. B.344.

[12] Protokolı Zased. i soobsh. Zakaspiyskogo krujka lyubiteley arxeolog i istor. Vostoka. -Ashxabad, 1917, Vıp.4.

«Shejire» poemasına qısqasha toqtap, onın` tariyxıy tiykarların ashıp beriwge ha`reket etti. Solay etip, ilimpaz Berdaqtın` bul «Shejire» arqalı o`z xalqının` tariyxın islep shıg`ıw ushın birinshi bolıp qolına qa`lem alg`an qaraqalpaq zıyalısı ekenligin da`stiyarlı da`lillep berdi[13].

N.Da`wqaraev penen bir qatarda usı 30-50-jıllarda «Shejire»ni jıynap, bastırıp shıg`arıwg`a ha`m izertlewge belsene qatnasqan ilimpazlardın` biri İ.Sag`itov boldı[14]. Bul ilimpaz da İ.A.Belyaev jazıp alg`an «Shejire»ni N.Da`wqaraev tastıyıqlag`anınday «Bul shıg`arma (İ.A.Belyaev jazıp alg`an «Shejire») o`zinin` mazmunına qarag`anda Berdaqtın` «Shejire» poemasının` bir bo`limi»[15] dep ko`rsetedi.

Degen menen, bul eki ilimpazdın` izertlewlerinde de Berdaqtın` «Shejire» do`retpesinin` da`slepki jazıp alınıwı ha`m baspa ko`riwi waqtı 1913 ha`m 1916-jıl dep negedur qa`te ko`rsetiledi Usı fakt 60-jıllardın` baslarına, ha`tteki 80-jıllardın` ortalarına shekem qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminde sol 30-40-jıllardag`ı nadurıs mag`lıwmatlar halında bir izertlewden ekinshi izertlewge hesh oylap ko`rilmesten qa`te paydalanılıwın dawam etti.

Joqarıda atap o`tken ayırım qa`te-kemshiliklerdi aytpag`anda, XX a`sirdin` 30-50-jıllarında Berdaqtın` «Shejire» do`retpesin jıynaw, bastırıp shıg`arıw, izertlew ma`seleleri boyınsha da`slepki iri ha`m isenimli adımlar atlandı. Bul, birinshiden, ilimpazlarımızdın` İ.A.Belyaev jazıp alg`an «Shejire»ni Berdaq «Shejire»si dep tastıyıqlawlarında ko`rinse, ekinshiden, usı a`sirdin` 40-jıllarınan baslap (1956-jılg`ı toplamına kirmey qalg`anın aytpag`anda) Berdaq «Shejire»sinin` u`ziliske tu`spey sistemalı basıp shıg`arılıp barılıwında[16] ha`m ayırım ilimiy pikirlerdin` bildirile baslawında ayqın ko`zge taslanadı.

60-80-jıllar qaraqalpaq a`debiyattanıwında Berdaqtanıw ilimınin` jan`a etapı bolıp tariyxqa kirdi. Bul jıllarda Berdaq do`retiwshiligi tek a`debiy-

---

13 Da`wqaraev N. Berdaq shayır. -No`kis: Qarakalpaq ma`mleketlik baspası. 1950. B.7.

14 Sag`itov İ. Berdaq – ullı patriot shayır. -No`kis: QQMB, 1943.

15 Sag`itov İ. Berdaqtın` tvorchestvosı. -No`kis: QQMB, 1958. B.18

16 Qaran`ız: Berdaq «Shejire» (jazıp alg`an Q.Ayımbetov, O.Kojurov, baspag`a tayarlag`an N.Da`wqaraev)/ Qaraqalpaq awız a`debiyatının` u`lgileri. -To`rtku`l: QQMB, 1940. T.2; Shejire /Berdaq shıg`armalarının` tolıq jıynag`ı. -To`rtku`l: QQMB, 1941~ Shejire./Berdaq shıg`armalarının` tolıq jıynag`ı. –To`rtku`l: QQMB, 1950.

filologiyalıq aspektte emes, lingvistikalıq[17], tariyxıy[18], pedagogikalıq[19], filosofiyalıq aspektte de ken`nen u`yrenile basladı. Bul jıllarda «Shejire»ni xalıq arasınan jazıp alıw, bastırıp shıg`arıw ha`m izertlew ma`selelerine belgili a`debiyat izertlewshisi N.Japaqov penen tilshi alım H.Xamidovlardın` salmaqlı u`les qosqanlıg`ın ko`remiz[20]. İlimpazlar o`zinin` «Shejire»tanıwdag`ı da`slepki qa`demin usı do`retpenin` jan`a nusqasın tawıp, onı ilimiy aylanısqa tu`siriwden baslaydı[21]. İlimpazlar bul qol jazba nusqa haqqında onın` («Shejire»nin`) usı waqıtqa deyin Berdaq toplamlarında ja`riyalang`an nusqalardan da ko`lemi tolıg`ıraq (en` tolıg`ı) degen pikirdi aytıp, «bul qol jazba tu`p nusqanın` o`zi bolmasa da, sog`an barabar» degen juwmaqqa keledi.[22]

N.Japaqov, H.Xamidovlardın` bul pikirlerin İ.Sag`itov ta quwatlaydı. [23]

Biz de bul qol jazba nusqanın` jazba a`debiy tilge bir qansha jaqın keletug`ın tolıq nusqa ekenligine qosılamız.

80-jıllarda «Shejire»tanıwg`a salmaqlı u`les qosqan birden bir ilimpaz A`.Paxratdinov boldı.[24] Onın` «Shejire»tanıwdag`ı baslı xızmeti – bul do`retpenin` en` da`slepki jazıp alıng`an ha`m baspa ko`rgen waqtın da`stiyarlı da`lillep bergenliginde ko`rinedi.

İlimpaz ko`pshilik ilimpazlardın` (N.Da`wqaraev, İ.Sag`itov, M.Nurmuxamedov ha`m t.b.) Berdaqtın` «Shejire» da`stanının` da`slepki jazıp alıng`an waqtı 1913-jıl, da`slepki baspa ko`rgen waqtın 1916-jıl dep qa`te

---

[17] Xamidov X. Rukopisnoe nasledie Berdaxa. –Nukus: Bilim, 1995. S.184; Usı avtor. Eski qaraqalpaq tilinin` jazba estelikleri. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1985. B.59-72;. 140-272; Abnazimov Sh. Berdaq shıg`armalarının` tili.: Filol. ilim. dokt. dis. … avtoref. –No`kis, 2001; Abdinazimov Sh. Berdaq shıg`armalarının` tili. –Tashkent: Fan, 2006. -B.288.

[18] Tilewmuratov M. Berdaq shıg`armalarındag`ı tariyxıy derekler. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1968. B.6-27.

[19] Orınbaev J., A`lewov O. Berdaqtın` ja`miyetlik-pedagogikalıq ko`z-qarasları. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1978.

[20] Japaqov N. Shıg`armaları. Birinshi kitap. (İlimiy miynetleri). -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1979. T.II. B.139-141.

[21] Japaqov N., Xamidov H. Berdaq shıg`armalarının` qol jazbası // A`miwda`r`ya. -No`kis, 1972. -№8. -B.54-58; Japaqov N. Berdaq «Shejire»sinin` jan`a nusqası / Sovet Qaraqalpaqstanı. -No`kis, 1972. -№50.

[22] Japaqov N. Berdaq «Shejire»sinin` jan`a nusqası / A`debiyatımız haqqında oylar. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1974. B.177-178.

[23] Sag`itov İ. Sahra bu`lbu`li (Qaraqalpaq xalqının` ullı demokrat shıyırı Berdaqtın` o`miri ha`m tvorchestvosı haqqında monografiya). -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1974. B.207.

[24] Paxratdinov A`. Qaraqalpaq «Shejire»si. B.9-10.

belgileytug`ınlıg`ın o`kinish penen eske alıp, bul sa`nelerge isenimli da`liller menen durıs o`zgerisler, du`zetiwler kirgizedi.

A`.Paxratdinovtın` ko`rsetiwinshe, Berdaqtın` İ.A.Belyaev jazıp algan «Shejire» da`stanı en` da`slep 1913-jılı emes, 1903-jılı jazıp alınadı. Al, onın` da`slepki baspa ko`riwi ayırım ilimpazlar aytqanınday 1916-jılı emes, 1917-jılı ju`z beredi.[25]

İlimpazdın` bunday juwmaqqa keliwindegi tiykarg`ı isenimli da`lil – İ.A.Belyaevtin` 1903-jıldan keyin qaraqalpaqlar arasına qaytıp kelmegenligi bolıp tabıladı.

«İ.A.Belyaev 1903-jıldan keyin qaraqalpaqlar arasına kelmegen,-dep da`lillewin dawam etedi A`.Paxratdinov. - Sebebi, İ.A.Belyaevtin` «ustazım Sankt-Peterburg universitetinin` professorı P.M.Melioranskiy o`lgennen keyin men Orta Aziya ha`m Shıg`ıs Aziyanı izertlewge shaqpadım» degen so`zi bar. Al, professor P.M.Melioranskiy 1906-jılı 16-mayda 38 jasında tosattan qaytıs bolg`an»[26].

İlimpaz bunın` da`lili retinde A.Samoylovichtin` «P.M.Melioranskiy esteligine» degen miynetinen anıq mag`lıwmatlar keltiredi[27].

Biz de professor A`.Paxratdinovtın` bul da`lillerinin` og`ada durıslıg`ın tastıyıqlay otırıp, haqıyqatında da, İ.A.Belyaevtin` Berdaq «Shejire»sin jazıp alg`an waqtı 1913-jılg`a emes, 1903-jılg`a tuwra keledi, degimiz keledi. Sebebi, İ.A.Bel`yaev Berdaq «Shejire»sinin` «Shın`g`ısxan haqqındag`ı an`ız» dep atalatug`ın prozalıq bo`limin de (prozalıq formag`a tu`sirip bastırıp shıg`arg`an İ.A.Belyaevtin` o`zi), «Qaraqalpaq xalqının` tawariyx etip shıg`arg`an hikayatı» dep atalatug`ın poeziyalıq formasın da 1903-jılı No`kiste jasawshı bir ko`shpeli sharwa qaraqalpaqtan jazıp aladı. Bul haqqında İ.A.Belyaev jazıp alg`an ha`m bastırıp shıg`arg`an «Shın`g`ıs xan haqqındag`ı an`ız»dın` Kirispesinde to`mendegidey anıq mag`lıwmatlar keltiriledi:

---

[25] Sonda, B.9-10.
[26] Paxratdinov A`. Qaraqalpaq «Shejire»si. B.11.
[27] Sonda. B.10.

«Sizlerdin` dıqqatın`ızg`a usınılıp otırg`an «Shın`g`ıs xan haqqındag`ı ertek» 1903-jılı A`miwda`r`ya oblastının` No`kis awılınan ko`shpeli sharwa qaraqalpaqtın` awzınan jazıp alındı»[28].

Bul mag`lıwmatlardın` durıslılıg`ın İ.A.Belyaevtin` arxivlik materialları da tastıyıqlap turadı. Atap aytsaq, İ.A.Belyaevtin` arxivlik materiallarınan Rus komitetinin` 1903-jılı A`miwda`r`yanın` to`mengi quyarlıg`ına – qaraqalpaklarg`a baratug`ın kandidatura izlep, professor P.M.Melioranskiydin` usınısı menen student İ.A.Belyaevti tawıp, og`an u`lken isenim bildirip, 1903-jılı onı usı aymaqqa uzaq mu`ddet penen ilimiy komandirovkag`a jibergenligi, onın` qaraqalpaqlar awıllarında u`sh ay bolıp, ilimiy baqlawlar ju`rgizgenligi, xalıq arasınan a`jayıp ma`deniy miyraslardı ko`plep tapqanlıg`ı, olardı ko`shirip alg`anlıg`ı, atap aytqanda, «Edige» (10 betlik u`zindi), «Qoblan» (54 betlik), «Baba Ra`wshan» (21 betlik), «Yusufbek» - «Yusup-Axmed» qıssasının` bir bo`limi (17 betlik) sıyaqlı da`stanlar menen Berdaqtın` «Shejire» do`retpesi («Qaraqalpaq xalqının` tawarix qılıp shıg`arg`an hikayatı»), sonday-aq, «Qaraqalpaqlardın` ruwlıq uranları» (5 betlik) haqqında qızıqlı materiallar tabıwg`a boladı[29].

İ.A.Belyaevtin` arxivin izertlegen ilimpaz O.Yusupovtın` ko`rsetiwinshe, «Qaraqalpaq shejiresi»nin` u`lgisin student İ.A.Belyaev 1903-jılı Ko`k aral degen jerde jası eliwlerge kelgen Yusupov Babajan degen qaraqalpaqtan sharwa awılında miyman bolg`an waqtında esitken ha`m ko`shirtip alg`an[30].

Mine, ko`rip otırg`anımızday, İ.A.Belyaevtin` qaraqalpaq arasınan jazıp alg`an fol`klorlıq, a`debiy-tariyxıy materiallarının` barlıg`ının`, sonın` ishinde «Shejire»nin` de jazıp alınıw waqtı 1903-jılg`a tuwra keledi. Bul, demek, professor A`.Paxratdinovtın`, İ.A.Belyaev 1903-jıldan keyin qaraqalpaqlar arasına kelmegen, degen pikir og`ada durıs degen so`z.

---

[28] Protokolı Zased. i soobsh. Zakaspiyskogo krujka lyubiteley arxeolog i istor. Vostoka. -Ashxabad, 1917. vıp.4.

[29] Yusupov O. İ.A.Belyaevtin` arxivi haqqında // A`miwda`r`ya. -No`kis, 1987. -№6. -B.101-102.

[30] Sonda. -B. 102.

60-80-jıllarda İ.Sag`itov, N.Japaqov, A`.Paxratdinovlar menen bir qatarda Berdaqtanıw, anıg`ıraq aytqanda, «Shejire»tanıw ilimine ayırım jas ilimpazlar da aralasa basladı[31].

60-80-jıllardag`ı Berdaq tanıwdın`, sonın` ishinde «Shejire»tanıwdın` rawajlanıw jag`dayı haqqında ga`p etkende, usı jıllarda o`tkerilgen Berdaqtın` 150, 160 jıllıq yubileyleri ha`m solar tiykarında Berdaq do`retiwshiligin na`siyatlaw boyınsha islengen ilajlar haqqında da aytpay ketiw mu`mkin emes. Mısalı, son`g`ı ma`rte 1950-jılı jarıq ko`rgen Berdaq «Shejire»si aradan 27 jıl o`tkennen keyin, 1977-jılı Berdaqtın` 150 jıllıq yubileyi ba`nesi menen ja`ne Berdaq toplamında qayta ko`rinis taba basladı[32]. Aradan 10 jıl o`tkennen keyin Berdaq «Shejire»si onın` 160 jıllıq yubiley sa`nesine baylanıslı ja`ne qayttan basıldı[33]. Bul retki basılımg`a ilimde en` tolıq nusqa, dep ta`n alıng`an 1971-jılı N.Japaqov, H.Hamidovlar jazıp alg`an qoljazba nusqa tiykar etip alıng`an. Ulıwma, Berdaq «Shejire»si o`zi do`regen da`wirlerden baslap G`a`rezsizlikke shekem 5 ret baspa ko`rdi.

60-80–jıllardag`ı Berdaq «Shejire»sin jıynap, basıp shıg`arıwdag`ı bul ilgerilewshilik usı jıllardag`ı onı izertlew ma`selesinde de ju`z bere basladı. Atap aytsaq, M.Tilewmuratovtın` «Qaraqalpaqstan tariyxın u`yreniw ushın Berdaq shıg`armalarının` a`hmiyeti» (1968), N.Japaqov, H.Xamidovlardın` «Berdaq shıg`armalarının` qoljazbası» (1972), H.Xamidovtın` «Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasının` nusqası» (1977), Q.Maqsetovtın` «Berdaq «Shejire»sinin` xalıqlıg`ı» (1977), S.Bahadırovanın` «Berdaqtın` «Shejire»sinde tariyxıy haqıyqatlıq» (1979), «Berdaqtın` «Shejire» poemasının` tuwısqan xalıqlar «Shejire»si menen baylanısı» (1987), A.To`reevtin` «Berdaqtın` «Shejire»si boyınsha geypara oylar» (1987), J.Xoshniyazovtın` «Berdaq «Shejire»sindegi bir syujet tuwralı» (1987), M.Tilewmuratovtın` «Berdaq-

[31] Xoshniyazov J. Berdaqtın` «Shejire»sindegi bir syujet tuwralı // A`miwda`r`ya. -No`kis, 1987. -№6. -B.85-86.

[32] Shejire / Berdaq. Tan`lamalı shıg`armalar jıynag`ı. Baspag`a tayarlag`anlar: İ.Sag`itov. A.Karimov, A.Murtazaev. Arnawlı redaktor: İ.Yusupov. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1977. B.147-185.

[33] Shejire./Berdaq. Tan`lamalı shıg`armaları. Baspag`a tayarlag`anlar: A.Karimov, B.Qa`limbetov, A.Murtazaev. Arnawlı redaktor: A`.Paxratdinov. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1987. B.273-307.

tariyxshı» (1985), H.Xamidovtın` «O syujetnoy strukture i istokax sochineniya Berdaxa «Shejire» rodoslovnaya karakalpakov (1984) » atamasındag`ı maqalaları usı jıllardag`ı ilimdegi «Shejire»ge bolg`an u`lken qızıg`ıwshılıqtı ko`rsetip turadı.

Ulıwma, g`a`rezsizlikke deyin Berdaq «Shejire»sinin` jıynalıw, basıp shıg`arılıw ham izertleniw ma`selesin eki basqıshqa bo`lip u`yreniwge boladı: Da`slepki basqıshtı 1903-1960-jıllar aralıg`ı deytug`ın bolsaq, ekinshi basqıshtı 1961-1980-jıllar dep ko`rsetiwge boladı. Birinshi basqıshta Berdaq «Shejire»si 3 ret baspa ko`rgeni menen, sistemalı izertlew ob`ekti bolalmadı. Berdaq «Shejire»sine massalıq qızıg`ıwshılıq tek ekinshi basqıshta g`ana ju`z berdi. Degen menen, bul da`wirde do`regen ayırım miynetler de Berdaq «Shejire»si boyınsha arnawlı izertlew emes edi.

G`a`rezsizlik da`wirinde «Shejire» shıg`armasına bolg`an qızıg`ıwshılıq ayrıqsha artıp, bul shıg`arma bir neshe ma`rtebe toplamlarda ha`m «A`miwda`r`ya» jurnalında qayta basıldı. Al, ayırım izertlewler ha`m baspa so`z betlerinde ja`riyalang`an bir qatar maqalalarda bolsa bul do`retpe haqqında a`hmiyetli ilimiy pikirler de bildirilip barıldı[34].

Atap aytsaq, bul orında A`.Paxratdinovtın` jan`a monografiyası[35] menen Berdaq do`retiwshiligi haqqındag`ı maqalalar toplamındag`ı S.Bahadırovanın` «Shejire» haqqındag`ı maqalasının`[36], sonday-aq belgili a`debiyat tariyxshısı K.Ma`mbetovtın` «Qaraqalpaq shejiresi» tariyxıy-ilimiy ocherkindegi Berdaq

---

[34] Murtazaev A. Masterstvo Berdaxa.: Avtoref. dis. … dokt. filol. nauk. -Nukus, 1993; Paxratdinov A`. Berdaq shayırdın` ko`rkemlik du`n`yası. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 2007. B-112; Usı avtor. Berdaq shıg`armaları boyınsha bibliografiyalıq ko`rsetkish. -No`kis, 1999. B.32; Usı avtor. Berdaqtanıw kursı. -No`kis, 1999. B.36; Usı avtor. Berdaq shayır do`retiwshiliginin` geypara ma`seleleri. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 2003. B.64; Pirnazarov A. Berdaq shıg`armalarında qollanılatug`ın do`retiwshilik usıllar. -No`kis: Bilim, 1988. B.148; Ma`mbetov K. Qaraqalpaq shejiresi. -No`kis: Bilim, 1993. B.128; O`tewliev İ. Berdaq poeziyasının` milliy o`zgeshelikleri. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1998. B.56; Bazarbaev J. Ga`wxar jilwalang`an ba, yamasa yubileyden keyingi oylar / Erkin Qaraqalpaqstan. -No`kis, 1999, 13-fevral`; Bazarbaev J. Xalqımız ullı Berdaq na`zerinde / Erkin Qaraqalpaqstan. -No`kis, 7-dekabr` 2006-jıl, -№147 (18361); Bazarbaev J. Berdaq – ruwxıyatımızdın` sarqılmas bulag`ı // Sa`niyat. -No`kis, 2007. -№3-4; Usı avtor. Berdaq – xalıq danıshpanı. -Bazarbaev J. Ruwxıyatımız marjanları. -No`kis: Bilim, 2008. B.22-23; Maqsetov Q. Berdaq «Shejire»sindegi ra`wiyatlar // A`miwda`r`ya. -No`kis, 1997. -№9-10; Bahadırova S. Berdaqtın` «Shejire» shıg`arması / Milliy a`debiyatımızdın` bayteregi. İlimiy toplam. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1988; Jumajanov Q. «Shejire» ha`m tuwısqanlıq shejiresi // A`miwda`r`ya. -No`kis, 2003. -№4;

[35] Paxratdinov A`. Berdaq shayırdın` ko`rkemlik du`n`yası. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 2007. B.112.

[36] Bahadırova S. Berdaqtın` «Shejire» shıg`arması. - Milliy a`debiyatımızdın` bayteregi. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1998. B.13-33.

«Shejire»si haqqındag`ı pikirlerdin`[37] a`hmiyeti ayrıqsha bolg`anlıg`ın atap o`tiwimiz kerek.

G`a`rezsizlik jıllarında Berdaqtın` «Shejire» da`stanının` basıp shıg`arılıw ma`selelerinde de ma`lim da`rejede ilgerilewshiliktin` bar ekenligi seziledi. Mısalı, 1993-jılı «Shejire» basılım tariyxında birinshi bolıp o`z aldına kitap bolıp basılıp shıqsa, Berdaqtın` 170 jıllıq yubiley sa`nesine baylanıslı «Shejire»nin` ilimde en` tolıq nusqası Berdaqtın` «Saylandı» shıg`armaları»na kirgizildi. Al, 2009-jılda bolsa «Shejire»nin` 1993-jılı kitap bolıp shıqqan nusqası «A`miwda`r`ya» jurnalının` №2-sanında oqıwshılardın` tilek-o`tinishlerine baylanıslı qayta ja`riyalandı. «A`miwda`r`ya» jurnalında bunnan 12 jıl burın (1998, №6) Berdaq «Shejire»sinin` Buxara qaraqalpaqları arasında tarag`an nusqasın da ja`riyalag`an edi.

Ulıwma, G`a`rezsizlik jıllardag`ı «Shejire»ni jıynap, jazıp alıp, bastırıp shıg`arıwg`a qızıg`ıwshılıq - o`zligimizdi tanıwg`a bolg`an umtılıs nıshanı bolıp ko`zge taslandı. Bunı biz usı jıllardag`ı «Shejire»nin` ku`ndelikli basılımlarda ja`riyalang`an gazeta nusqalarınan da ko`riwimizge boladı[38].

Shıg`ıs xalıqları a`debiyatındag`ı, sonın` ishinde ayrıqsha, sag`aları ertedegi tu`rk bitiklerine barıp ushlasatug`ın tu`rkiy tilles xalıqlar a`debiyatındag`ı shejire jazıw da`stu`rleri menen sol shejirelerdin` a`debiy-realistlik sıpatlarına qaray otırıp, onı o`z aldına ko`rkem a`debiyat janrı dep atawımız mu`mkin.

Jaqın waqıtlarg`a deyin a`debiyatshılardın` ko`pshiligi derlik Berdaq «Shejire»sin shejire degen emes, «da`stan», yamasa «poema» degen atama menen atap keldi.

Shejire bolıwı ushın ol birinshi gezekte tariyxıy mazmung`a iye bolıp, tariyxıy waqıyalar menen tariyxıy adamlardın`, pu`tin bir ruw-qa`wim, yaki bir

---

[37] Ma`mbetov K. Qaraqalpaq shejiresi. -No`kis: Bilim, 1993. B.57-73.

[38] Qaran`ız. Berdaq. Shejire. (Jazıp alıp, alg`ı so`z benen baspag`a tayarlag`an T.Qayıpbergenov) / Erkin Qaraqalpaqstan. -No`kis, 1997, 21-iyun`; Berdaq. Shejire. Jazıp alg`an U.Raxmetullaev. Alg`ı so`zin jazıp, baspag`a tayarlag`an A.A`bdiev / Ma`deniyat ha`m sport. -No`kis, 2007, 7-sentyabr`; Usı gazeta, 2007, 29-sentyabr`.

xalıqtın` tariyxıy o`mirin xronologiyalıq ta`rtipte, qatan` izbe-izlikte saqlag`an halda jılma-jıl, ha`tteki da`wirme da`wir bayanlap beriwi kerek.

Berdaqtın` «Shejire»si ko`rkemlengen tariyx, onda obrazlı su`wretlewler, ko`rkemlew quralları ko`plep isletiledi, ko`rkem-estetikalıq ta`sirshen`likti arttırıw ushın xalıq anız-a`psanalarınan ken`nen paydalanıladı.

Shejire-jılnama bir ku`nnin`, bir jıldın` emes, bir neshshe jıllardın`, ha`tte bir neshshe a`sirlerdin` tariyxıy waqıyası, onda ko`plegen adamlardın`, pu`tin bir ruw-qa`wimnin`, pu`tin bir xalıqtın` tariyxı sa`wlelengen, sa`wlelengende de barlıq jetiskenlik, kemshilikleri, qarama-karsılıqları menen waqıyalar rawajlanıwının` izbe-izliginde sol xalıq massasının` wa`killerinin` obrazların ko`rkem etip gewdelendirip beriw arqalı sa`wlelengen. Demek, o`zinen-o`zi ko`rinip turıptı, shejire bay syujetli, quramalı kompozitsiyag`a iye, ken` qamtımlı tariyxıy mazmundag`ı a`debiy-ko`rkem epikalıq shıg`arma.

Demek, bunda o`z o`zinen ko`rinip turg`anınday, tariyxıylıq mazmun, bılayınsha aytqanda adamlardın`, ruw-qa`wimlerdin`, xalıqtın`, ha`tteki tili, dini bir tekles bir neshshe xalıqlardın` kelip shıg`ıwı, ata-babaları, tuwg`an-tuwısqanları jekke tariyxıy tulg`aları tariyxın sa`wlelendiriw birinshi orında turadı. Bul, demek, shejirede tariyxıy haqıyqatlıq, tariyxıy fakt ha`m da`rekler xalıq penen jekke tariyxıy tulg`alar o`mirine baylanıslı tariyxıy mag`lıwmatlar qatan` saqlanıwı tiyis degen so`z. Demek, shejirenin` janr jaratıwshı belgisi ko`birek tariyxıy mazmunnan kelip shıg`ıp otıradı. Bul mazmung`a tiyisli da`rekler menen mag`lıwmatlardın` mazmun qanday a`debiy-ko`rkemlik tu`s alg`anda da, o`zgeriske ushıramay beriliwi tiyisliligi o`z-o`zinen shejirenin` realistlik sıpatın da ko`rsetedi. Bul shınlıqtın` so`z sheberi ta`repinen ko`rkem shınlıqqa aylanıwı onın` ko`rkem a`debiyat shıg`arması ekenliginen, yag`nıy ondag`ı a`debiy-ko`rkem realistlik sıpatlardan da da`rek berip turadı.

Juwmaqlastırıp aytqanda, Shejire poetikalıq sıpatları boyınsha a`debiyattag`ı «jılnama», «nama» (ko`birek «jılnama») janrlarına jaqın keletug`ın, adamlardın`, ruw-qa`wimlerdin`, xalıqtın`, ha`tteki tili, dini bir

tekles bir neshshe xalıqlardın` kelip shıg`ıwı, ata-babaları, tuwg`an-tuwısqanları, jekke tariyxıy tulg`aları haqqında jazılg`an tariyxıy mazmung`a iye, biraq ko`rkem a`debiyattın` barlıq estetikalıq printsiplerine juwap beretug`ın, tariyx penen ko`rkem a`debiyattın` ju`yi bilinbestey quyılma birligi sintezinen turatug`ın qosıq, yaki qara so`z formasında jazılg`an o`z aldına ko`rkem tariyxıy-epikalıq a`debiy-ko`rkem janr bolıp tabıladı.

Berdaq shayır «Shejire»si shejirenin` a`debiy-ko`rkem janr sıpatındag`ı bul baslamalarının` ko`rkem a`debiyattag`ı en` jetilisken forması bolıp esaplanadı.

Berdaq o`z «Shejire»sin «qıssa», «da`stan» degen atamalar menen emes, «ko`rdim shejirede xatını» dep, «shejire» degen atama menen anıq ataydı. Onnan son` onın` xalıqlıq awız-eki shejirelerge tiykarlang`anın da jasırmay, shejirenin` ma`nisin «ba`rshenin` ata-babasın aytıp bayan qılg`an eken»[39] dep, onın` tariyxıylıq mazmung`a iye shıg`arma ekenligin ko`rsetedi. Shayır bunnan keyingi qatarlarda «Shejire»nin` ko`p jıllıq izleniwlerden kelip shıqqan haqıyqıy talant tuwındısı ekenligin aytıp, «bul so`z» degen so`ylemler arqalı onın` ko`rkem a`debiyat do`retpesi ekenligine itibar qaratadı.

Demek, shayırdın` o`z pikiri boyınsha, shejire ko`rkem so`z benen jazılg`an ata-babalar tariyxının` bayanı.

Berdaqtın` «Shejire»si tariyxıylıq mazmunı boyınsha shejire, poetikalıq sıpatı, forması boyınsha da`stan. Bunın` sebebi, onda, birinshiden, qaraqalpaq xalqının` etnogenezisinen tartıp XVII-XVIII-XIX a`sirdegi tariyxıy waqıyaların sa`wlelendiretug`ın bay syujetlik mazmun bar bolsa, ekinshiden, bul mazmun qalay bolsa, solay ma`zi kurı bayanlanbastan, belgili bir kompozitsiyalıq ta`rtipte, belgili bir ko`p tarmaqlı syujetlik jelide, ha`r qıylı syujetlik motivirovkalawda, qaharmanlar xarakterinin` tutas rawajlanıw tariyxı, evolyutsiyası bolmasa da, ayırım shtrixlar arqalı-aq ko`p sanlı qaharmanlar obrazın, en` baslısı – xalıq massasının` obrazın jaratıw arqalı ko`rkem sa`wlelendirip beriledi. Bul o`z-o`zinen «Shejire»nin` da`stanlıq sıpattag`ı

---

[39] Sonda, B.3.

epikalıq shıg`arma ekenligin ko`rsetedi. Al, onın` tariyxıylıq, shejirelik sıpatqa iye ekenligi ha`m bul sıpattın` baslı sıpatlı begli ekenligi ko`rsetedi.

## II BAP. Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasının` ulıwma bilim beriw mekteplerinde u`reniliwi

Qaraqalpaqstan Respublikasının` ulıwma bilim beriw mekteplerinin` segizinshi qaraqalpaq klasslarının` sabaqlıg`ında usı mag`lıwmat berilgen. Usı berilgen materialdı mektep mug`allimi oqıwshılarg`a tu`sindirip jetkerip bere alıwı tiyis. Material qanday formada berilgen maqul degekn sorawg`a juwap izlep, Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın da`stu`riy sabaqlar ha`m aldın`g`ı pedtexnologiya metodlarınan paydalang`an halda oqıtıw mu`mkinshiliklerin u`yrenemiz.

Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası boyınsha Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın aralas sabaq, birlesken sabaq tiplerinde u`yreniwge boladı. Ulıwma Berdaq shayırdın` do`retiwshiligin u`yreniw ushın ulıwma bilim beriw mekteplerinin` segizinshi klasslarında u`sh saat ajıratıladı, al shayırdın` tariyxıy shıg`armaların u`yreniw ushın ulıwma bilim beriw mekteplerinin` bag`darlamasında bir saat ajıratılg`an.

To`mendegishe joba boyınsha oqıtıw mu`mkin:

Sabaq tipi: Aralas sabaq

Sabaqtın` maqseti:

A.Bilim beriwshilik: Berdaqtın` «Shejire» shıg`arması haqqında tolıq mag`lıwmat beriw;

B. Ta`rbiyalıq: Berdaqtın` shıg`armasın u`yreniw arqalı ha`r bir oqıwshının` o`zinin` shıg`ısı haqqında bilimler berip, o`zligin an`lawg`a ta`rbiyalaw;

V.Rawajlandırıwshılıq: Shıg`armanı oqıw ha`m tiyisli bo`limlerin jazıp alıw arqalı oqıwshılardın` awızeki so`ylew ha`m jazba sawatlılıg`ın rawajlandırıw;

Sabaqtı qurallandırıw: Taxta, por, sabaqlıq, ko`rgizbe ushın kitaplar

Sabaqtın` barısı:

I. Sho`lkemlestiriw. (2-3 minut)

Oqıwshılardın` sabaqqa qatnası, sabaqqa tayarlıg`ın tekseriledi, dıqqatı ja`mlenedi.

II. U`yge tapsırmanı soraw (8-10 minut)

U`yge berilgen tapsırma: Berdaqtın` u`git-na`siyat qosıqları.

En` da`slep u`ygne tapsırmanı qa`lewshilerden sorayman, keyin dizim boyınsha bahası az oqıwshılardan sabaq sorayman ha`m bahalayman.

Sorawlar:

1.Berdaqtın` u`git -na`siyat qosıqlarına qaysı shıg`armaları kiredi?

III. Taza temanı tu`sindiriw

Taza temanı tu`sindiriw ushın mug`allim mektep sabaqlıg`ındag`ı Berdaqtın` «Shejire» da`stanı haqqındag`ı mag`lıwmattı tolıg`ı menen oqıwshılarg`a aytıp beriwi tiyis. Ol to`mendegishe:

Ku`nshıg`ıs ellerinde o`z xalqının` ma`deniy o`miri ha`m tariyxı haqqında Shejire jazıp qaldırg`an alım ha`m shayırlar ju`da` ko`p. Solardın` arasında XIX a`sirde qaraqalpaq xalqının` klassik shayırı Berdaq G`arg`abay ulı ayrıqsha orındı iyeleydi. Shayırdın` «Shejire» shıg`armasının` o`zgesheligi sonnan ibarat, ol qaraqalpaq xalqının` tariyxı boyınsha jazba nusqada qalg`an birden-bir do`retpe esaplanadı. Ekinshiden, «Shejire» ni jazg`an Berdaq shayır tek qaraqalpaq xalqı arasında g`ana emes, ba`lki basqa xalıqlar ta`repinen de danıshpan ha`m ullı oyshıl sıpatında ta`n alıng`an talant iyelerinin` biri boldı.

Sonlıqtan da, bul shıg`armanı shın ma`nisindegi sap tariyxıy shıg`arma sıpatında qaramag`anımız benen de qaraqalpaqlar tariyxı haqqında jazılg`an en` da`slepki boljawlar sıpatında qarawımızg`a boladı. Berdaqtın` «Shejire»si tariyxıy derek sıpatında qabıl etilmewinin` sebebi, bull, negizinen, ko`rkem shıg`arma. Bizge ma`lim bolg`anınday, ko`rkem shıg`arma tariyxıy temanı su`wretlegende de ayırım fantaziyag`a beriledi. Sol sebepten onda jazıwshı yaki shayırdın` fantaziyasının` u`stin bolıp ketiwi ta`biyg`ıy. Shayır bul shıg`armanı jazarda ko`birek an`ızlarg`a tiykarlang`anlıg`ı sezilip turadı. Degen menen

shıg`armada tariyxıy faktlerde az emes, Demek, shayır bul shıg`armanı jazbastan burın ko`p g`ana tariyxıy kitaplar menen jaqınnan tanıs bolg`an.

Sonın` ushın da, ol bul shıg`armasında o`zinin` ko`rgenin ha`m bilgenin, oqıg`anı menen esitkenlerin xatqa tu`siredi.

Qullası, bul shıg`arma qaraqalpaq xalqının` tariyxı g`ana emes, sonın` menen birlikte ba`rshe tu`rkiy xalıqlar tariyxı ushın da og`ada a`hmiyetli bolg`an hu`jjet sanaladı. Basqa tu`rkiy tilles xalıqlar shejireleri sıyaqlı Berdaq ta o`z «Shejire»sin payg`ambarlar zamanınan baslap, XIX a`sirdegi qaraqalpaqlar turmısı menen tamamlaydı.

Solay etip, ol qaraqalpaq xalqının` ea`slepki «Shejire»sin jazıp qaldıradı. Shayırdın`:

Berdimurat-xaqtın` qulı,
Sahrada o`sken bu`lbili,
Bul Shejireni jılqı jılı,
Xalıqqa mashxur qılg`an eken,-

dep jazıwına qarag`anda «Shejire» 1884-jılı jazılg`an.

Basqa tu`rkiy tilles xalıqlardın` Shejireleri sıyaqlı Berdaqtın` «Shejire»side payg`ambarlar zamanınan baslang`an. Bundag`ı en` baslı syujet Adam Atadan baslang`anı menen de payg`ambarlar ha`m olardın` sahabalarınan baslanadı. Mısalı:

Gu`l yuzleri shamshıw qamar,
A`biwba`kir ha`zireti Omar,
Ospan, A`liy to`rt sha`riyar,
Payg`ambardın` yaranı eken.

Bunnan otız u`sh mın` sahaba tarqalg`an bolıp, solardan eki sahaba Aral boylarına kelgen. Bul A`nes ha`m Ma`lik saxaba bolıp, olardın` atları Shıg`ıs tariyxshılarının` miynetlerinde ko`birek ushıraydı. A`sirese, A`nes saxabanın` atı payg`ambarlar «Ha`dim»lerinin` ha`mmesinde de bar. Al, Ma`lik ha`m onın`

ulı Razıshax Jan`akentte xan bolg`an. Berdaq ta o`z babasının` tariyxın tap sol da`wirlerden baslag`an. Mısalı:

A`nes, Ma`lik-eki kishi,
Payg`ambardın` saxabası,
A`nes qazaqtın` babası,
Shundan «alash» bolg`an eken.

Ma`liktin` ulı Razıshax,
Yashlıg`ında qoydı g`ulpaq,
Kiygen eken qaraqalpaq,
Shundın «qalpaq» bolg`an eken.

Solay etip, Berdaq qaraqalpaqlardı Ma`lik xannın` ulı Razıshaxtan tarqalg`an degen pikirge keledi. Bul jag`day tariyxıy haqıyqatlıqqa a`dewir jaqın.

«Shejire»degi bunnan keyingi syujet Mayqı biyden baslang`an. Mayqı biy, shınında da, barlıq shejirelerde tu`rkiy xalqının` atası sıpatında berilgen.

Al, Berdaqtın` ko`rsetiwi boyınsha Mayqı biy o`zbektin` Jiyen degen balasının` ba`ybishesinen tuwılg`an bolıp, onnan Jayılxan, Seyilxan degen eki bala qalg`an. Seyilxannan Tu`rkmen, Jayılxannan Qon`ırat tuwıldı dep jorıydı. Ekinshi hayalı Sarnazdan Qıtay menen Qıpshaq, bunnan keyingi hayalınan Mu`yten menen Qıyat, al onnan keyingi hayalınan Keneges, Man`g`ıt ha`m Teke Yawmıt tuwıladı deydi.

Berdaq solay dep aytadı da Mayqı biyden keyin o`zbek, tu`rkmen, qaraqalpaq ajıralıp ketti degen sheshimge keledi. Yaki:

Mu`yten, Qon`ırat, Qıtay, Qıpshaq,
Keneges-Man`g`ıt jipikdek,
Ba`ri altı ruw qaraqalpaq,
O`zbekten ayrılg`an eken,-dep jazadı.

Bul pikir tariyxıy dereklerge a`dewir sa`ykes keledi, sebebi qaraqalpaqlar XVI a`sirde «Nog`aylının` altı ullı ordası» dep te atalg`an. Bunnan keyin «Shejire» nin` syujeti ja`ne de o`zgerip baradı. Sol zamanda Altın xan degen sha`wketli patsha bolıp, ol ba`rshe xalıqlardı basqarg`an eken. Zayıbı peri bolıp onnan Almalı-Ko`rikli degen bir qızlı bolıptı. O`zinin` basqa zu`riyadı bolmag`anı ushın onı bir bo`lmege qamap asırag`an eken. Qız ku`nge ashıq bolıp sonnan ha`mledar bolıp qalıptı. Bul jag`daydı qızdın` anası patshag`a xabarlag`an. Qa`ha`ri kelgen patsha qızdı altın sandıqqa salıp da`r`yag`a taslatqan. Altın sandıq bir jerlerge ıg`ıp kelgendeonı Tomawlı menen Shaban degen eki mergen ko`rip qaladı. Son`ınan ekewi oylasıp Shaban sandıqtın` o`zin alıwg`a, al Tomawlı bolsa ishindegi zatqa razı boladı. Solay etip, sandıqtın` bir mushınan atıp, onı jag`ag`a jaqınlastırmaqshı boladı.

Berdaqtın` pikiri boyınsha Qıyat ruwının` payda bolıwı da sol sandıqtın` ashılıwınan bolg`an. Mısalı, «Shejire»de:

Altın sandıq zıyat-dedi,
Za`rar kelse uyat dedi,
Tuwrı atpa, qıya at,-dedi,
Shunnan qıyat bolg`an eken.

Solay etip, sandıqtı jag`ag`a shıg`arıp, ishin ashıp qarasa, ishinde ayı-ku`ni tolg`an gu`l ju`zli bir ha`mledar kelinshektin` otırg`anın ko`redi. Bull, a`lbette, Shıg`ıs Shejirelerinde bayan etilgen Allanquwa haqqındag`ı hikayatqa og`ada tuwra keledi.

Al, «Shejire»nin` Berdaq variantında Tomawlı Almalı-Ko`riklini o`zine nekelep aladı. Onnan «Ku`n perzenti» bolg`an Shın`g`ıs xan, son`ınan Bo`denetay, Bu`rkeltay dep atalg`an balalar tuwılg`an.

Al, Mongol Shejirelerindegi Allanquwanın` u`sh balası bolıp, onın` birewi Shın`g`ıs xan Ku`nnen tuwılg`an edi. Sonın` ushın da Mongol shejireleri menen tu`rkiy shejireleri arasında da a`dewir baylanıstın` bar ekenligi seziledi.

Berdaq bunnan keyin Shın`g`ıstın` ko`p ellerdin` u`stinen u`stemlik etken xan bolg`anın aytadı. Mısalı:

Qoydı, Qushbegi meterdi,
Shın`g`ıs bekti xan ko`terdi,
Mayqıg`a ıqtiyar berdi,
Xan atası bolg`an eken.

Mayqı, Qotan ha`m Ketbug`a biyler awızeki a`debiyatta ko`p ushırasqanı menen de jazba dereklerde onsha ushıraspaydı. A`sirese, Mayqı ko`p dereklerde tu`rkiy xalıqlardın` babası sıpatında ta`n alıng`an. Sonın` ushın da, xalıq «toqsan awız so`zdin` tu`biri Mayqı biy» dep biykarg`a aytpag`an. Bul haqqında «Shejire» izertlewshilerinin` pikirinshe: «Mayqı tu`rkiy xalıqlar babası bolg`anı ushın da og`an mongol shejirelerinde u`lken itibar berilmegen»-degen pikirler aytılg`an. Al, Berdaq o`z «Shejire»sinde Mayqı biydi babası sıpatında ta`n aladı. Sonın` ushın da ol: A`weli babamız Mayqı biy,

Anın` ug`lı Jayılxan biy,
Jayılxan ug`lı Nag`aday,
Nag`aday ug`lı bolg`an eken.

Nag`aday biy jurt ag`ası,
Jumla` Qon`ırattın` babası,
Otız ug`lının` atası,
Ug`lı otız bolg`an eken,-dep jazadı.

Berdaq bunnan keyin ja`ne qaraqalpaq qa`wimlerinin` payda bolıw da`reklerin ilgeri su`redi. Ol qaraqalpaqlardın` negizgi atlı qa`wimi «Mu`yten, Qon`ırat, Qıtay, Qıpshaq, Keneges, Man`g`ıt) Shın`g`ıs xan da`wirinen burın payda boldı degen sheshimge kelgen.Ha`tte onın` pikiri boyınsha Shın`g`ıs qurg`an Altın Ordanın` o`zi de usı atlı qa`wim tiykarında rawajlang`an, sebebi Shın`g`ıs xan qaraqalpaqlardın` eki arısın Ordanın` tiykarı sıpatında qarag`an. Bul haqqında Berdaq «Shejire»sinde:

Qon`ırat taptı bir arısın,

Man`g`ıt taptı bir arısın,

O`zge ag`ashtın` barısın,

O`zgelerge salg`an eken,- dep jazadı.

Demek, ma`mleketti arba dep esaplasaq, onı biriktiriwshi eki arıs, u`lken eki qa`wim Qon`ırat penen Man`g`ıtqa tiyisli bolg`an.

Ayırım tariyxshılar Qon`ırat penen Man`g`ıttı mongol qa`wimleri dep te ataydı. Negizinen alg`anda, bul atama tu`rkler arqalı mongollarg`a o`tken, sebebi bul qa`wim atamaları VIII a`sirdegi tu`rkler arasında ushıraydı. Qaraqalpaqlardı ruw sıpatında qa`liplestirgen de usı eki qa`wim bolıp esaplanadı. Al, bul eki qa`wimnin` mongollar arasında sonshama abıroylı bolıp keliwinin` sebebi Nog`ay a`mirge baylanıslı. O`ytkeni nog`aydın` o`zi de Man`g`ıttan shıqqan. Ol Man`g`ıt penen Qon`ırattı biriktirgennen keyin barıp basqa qa`wimler qosılg`an. Sonın` ushın da Altın Ordadag`ı kishi tu`rkiy ma`mleket Nog`aylı awqamın du`ziwde qaraqalpaqlardın` en` baslı uytqısı bolg`anlıg`ın da ta`n alıwg`a tuwra keledi.

Usınday sebeplerge ko`re Berdaq o`z «Shejire»sinde Qon`ırat penen Man`g`ıt qa`wiminin` qaraqalpaqlardın` qa`liplesiwinde en` baslı orındı atqarg`anlıg`ın seziwge boladı. Mısalı:Qırıq adam bolıp ja`m boldı, yaki bolmasa:

Jayılxan uranlı Qon`ırat,

Otız ug`ıldın` zu`riyadı eken,

yaki bolmasa Man`g`ıt qa`wiminin` payda bolıwı haqqında:

Teke, Kene, biri Man`g`ıt,

Man`g`ıt degen gu`lli Man`g`ıt,

Tek degen, Teke-Yawmıt,

Kene Man`g`ıttın` tuwg`anı eken,- dep jazadı.

Bul jerde Berdaqtın` «Man`g`ıt degen gu`lli Man`g`ıt» degen so`zlerine qarag`anda da Man`g`ıtlardın` Shın`g`ıs xan tusında belgili bir xalıqqa

aylanıwların seziwge boladı. «Shejire» de bunnan keyin basqa da qa`wimlerdin` payda bolg`anlıg`ı haqqında so`z baradı. Biraq, Berdaq bull qa`wimlerdin` hesh birewinde Shın`g`ıs xan menen  baylanıstırmaydı. Onın` pikiri boyınsha bull qa`wimler Shın`g`ıs xan zamanınan a`dewir burın payda bolg`an Mayqı a`wladları menen tutasadı, yaki bolmasa altı ulıs qaraqalpaq Mayqının` balası Jayılxannan taralg`andegen pikirgne keledi.

Solay etip, ol ha`r bir qa`wimdi payda etiwshi urpaq haqkında so`z etedi. Mısalı, Qıtay-Qıpshaqlardın` payda bolıwı haqqında:

Sarnazdan t`uwıldı Qıtaybek,
Qıtayı tonın qıldı jo`rgek,
Yane birinin` atı Shash,
Qıtay-Qıpshaq bolg`an eken.

Shash yash bala erke ug`lı,
«Qıp» demeklik arab tili,
Qıpshaqdur tu`rkiy ma`nisi,
Shunnan «Qıpshaq» bolg`an eken,-dep jazg`an bolsa, olardın` uranları haqqında:

Qıtaybek ha`m qoy jıynadı,
Qoyı ja`ha`nge sıymadı,
Ullı tawlardı jayladı,
Ol Taw uran bolg`an eken.

Ipshaq ha`m yılqı jıynaydı,
Jelige qulın bayladı,
Qımız sabasın sayladı,
«Toqsaba» uran bolg`an eken,-dep jazadı.

Berdaq bunnan tısqarı «Shejire»sinde Mu`yten, Qıyat ha`m Keneges qa`wimlerinin` kelip shıg`ıwı haqqında da bahalı pikirlerdi aytadı.

Bir zayıptan eki ul bolg`an,
Mu`yten menen Qıyat bolg`an,
Tuwg`an anası Arıwxan,
Qıyatqa uran bolg`an eken.
Mu`yten uranı Aqsholpan,
Qıyat uranı Arıwxan,
Mayqı biy Qon`ırat bolg`an,
Ba`rshesi qosılg`an eken.

Kenenin` Man`g`ıt ag`ası,
Kene tentekdur inisi,
Ha`r ish etse, kesdur isi,
Ol Keneges bolg`an eken.

Qaraqalpaqlardın` basqa da qa`wimleri, mi ne, us ıltı qa`wim arqalı tarqaladı. Ja`ne bir tan` qalarlıq ha`diyse qaraqalpaq ruwları (toqsan altıg`a bo`lingen. Al a`yyemgi Tu`rkm Shejireleri bolsa tu`rkiy qa`wimlerinin` o`zi toqsan altıg`a bo`linedi dep jorıydı. Ba`lki bull bir tosattan bolg`an ha`diyse shıg`ar. Sonda da bul ko`p etnograflardı oylandıradı.

Qa`ytse de, Berdaq qaraqalpaq xalqının` tiykarın qurag`an altı qa`wimdi atap o`tedi de, bunnan keyin ruwlardın` kelip shıg`ıwı haqqındag`ı o`z pikirlerin ortag`a saladı. Ol ruwlardın` genealogiyasın (kelip shıg`ıwı) ha`r bir qa`wim arqalı bo`lip qaramastan geypara mayda ruwlardın` o`zi de xalıq atamasın qa`liplestiriwde xızmet atqaratug`ınlıg`ı haqqında aytadı. Xalıqtı qa`liplestiriwde en` baslı eki mu`she, arbanaı tartatug`ın arıs Qon`ırat penen Man`g`ıt bolg`anı menen onı biriktiriwshi bo`lekler haqqında da aytadı. Sol tiykardan qarag`anda, ha`tte Qan`lı ha`mmesinen de u`stin turadı. Berdaqtın` ta`riyplewi boyınsha Qan`lı sol arabanın` (yag`nıy ma`mlekettin`) ustası, xalıqtı biriktiriwge qatnasqan adam. Al, basqa ruwlar bolsa onın` bo`lekleri sıpatında xızmet atqaradı. Mısalı:

Shunda Qan`lı usta boldı,
Qag`ır-sog`ır arba qıldı,
Shu`yit eki shu`yin saldı,
Shundan shu`yit bolg`an eken.

Berdaq bunnan keyingi qaraqalpaqlardın` ruwha`m qa`wim atamalarının` ha`mmesin de Shın`g`ısxan awladlarınan bolg`an xan, sultan ha`m biy atamalarınan izleydi. Onın` pikiri boyınsha xan a`wladlarının` tiykarı Shıg`ıs ha`m Tu`rkiy xanlarının` negizi de Shın`g`ıs xannan tarqalg`an degen sheshimge keledi. Mısalı:

Shın`g`ıs haslı kimnen boldı,
Atası yoq ku`nnen boldı,
Ag`a sultan yarım xanlar,
Shın`g`ıs xannın` zu`riyadı eken.

Ja`nibek xan ha`m Janay xan,
Anın` ug`lı Toqtamısh xan,
Qazaq ishinde Sultan xan,
Shın`g`ıs xannın` zu`riyadı eken.

Biraq, solay bolsa da Berdaq qaraqalpaqlar «Shejire»sin Shın`gıs xannın` o`zinen baslamaydı. Ba`lki Shın`g`ıs xannın` aqılgo`y ken`esshilerinin` biri bolg`an Mayqı biyden baslaydı, yag`nıy qaraqalpaqlardın` arg`ı atası Mayqı biy, onnan Jayılxan biy, onnan Nag`aday biy, Nag`aday ulı Qarabek, Qarabek ug`lı Ja`nibek ha`m Qallibek, Ja`nibek ulı Haydar, onın` ulı A`libek, A`libek ulı Ag`adil, onın` balası Baya`dil.

Berdaqtın` aytıwı boyınsha mal-mu`lkti ayırıp tamg`a bastırıw dsol da`wirden qalg`an. Tamg`alı ta`rtibindegi ruwlardın` kelip shıg`ıwı da tap sol da`wirden qalg`an. Bull haqqında «Shejire»de:

Qolına basqan Qoldawlı,
Sanına basqan ashamaylı,

Juptan basqan Qostamg`alı,

Tamg`ası qos bolg`an eken.

Ekkisi sawdager boldı,

Xannan jıg`alı xat aldı,

Shunnan xanjıg`alı boldı,

Sebebi shul bolg`an eken,-dep aytıladı da, bunnan keyin Ag`adil ulı Tolıbay, Tolıbay ulı Sarıbay, Sarıbay ulı Ba`dik, Ba`dik ulı Bazar G`ulpaq, Bazar G`ulpaq ulı Tomaylar haqqında so`z boladı da, bul da`wirde payda bolg`an ayırım ruwlar haqqında da pikir bildiriledi. Mısalı:

Tomay elshi darqan boldı,

Ba`ybishesi bes ul tuwdı,

Besewi de ko`se boldı,

Beskempir atang`an eken.

Berdaq bunnan keyin Xojageldi, Xangeldi, Jangeldi, Sultan biylerdin` atın ataydı da, birden Xangeldinin` ulı Qarabas, onın` ulı Eshniyaz, Eshniyaz ulı Oraz atalıq yaki Sultannın` ulı Aydos, Maybas-dep birden XIX a`sirge kelip qaladı.

Shın`g`ıs xan zamanının` XIII a`sir ekenligin esapqa alg`anda, Berdaqtın` bes a`sir ishinde bolıp o`tken tariyxtı qısqa bergenligine gu`man tuwdırmaydı. Onın` u`stine Berdaq ko`rsetken biylerdin` ismlerinin` ko`pshiligide tariyxta onsha iz qaldırmag`an. Tariyxıy derek, tiykarınan qarag`anda belgili qa`wim biylerinen asıp kete almaydı. Ha`tte tariyxtın` o`zi ta`n alg`an Nog`ay, Orıs, Oqqas, Muwsa ha`m Ormanbetlerdin` de atı atalmaydı. Berdaq ayırım ruwlardın` arg`ı basın tolıq aytıp, olardı Shın`g`ıs xan zamanı menen jaqınlastıradı. Mısalı:

Baya`dilden Ashamaylı,

Haydar ulı Qostamg`alı,

Qa`n`dekli ba`n Qoldawlı,

Enshisin bir alg`an eken.

Qos tamg`a Ashamay bastı,

Ashamaylı bolg`an eken.

Shirjegen menen Qarınjuwan,

Qoldawlının` tuwg`anı eken.- degen qatarlarda Qoldawlılar shejiresi haqqında og`ada a`hmiyetli pikirlerdi aytadı. Ha`tteki, bull «Shejire»ni qaraqalpaq ruwları haqqındag`ı an`ızlar tiykarında jazılg`anlıg`ın Berdaqtın` o`zi de biykarlamaydı. Mısalı:

Berdaq suwpı deyar atım,

Qoldawlıdur haslı zatım,

Haydar A`libektin` zu`riyadı,

Aytım tamam qılg`an eken,-degen qatarları da bunı anıq tastıyıqlaydı. Sebebi, Berdaq o`z babası bolg`an Haydardı Ja`nibek xannın` ulı sıpatında ta`riyplegen.

Berdaq bunnan keyin Xorezmdegi Qon`ırat sulalasının` xanların so`z etedi. Sol tiykarda ol o`z «Shejire»sinin` ekinshi bo`legin 18-19-a`sirdegi Xiywa xanlarınan baslaydı. Bunda ol birinshi Arın xan, son`ınan G`ayıp xan, Mademin xan, A`wez inaq, Eltezer inaq, Qutlımurat inaq, Muxammed Raxim ha`m Allaqulı xandı tilge aladı.

Berdaqtın` pikiri boyınsha Arın xannın` atası xan bolg`an emes, Arın ma`rtligi sebepli Ja`nibek xannın` qızına u`ylengen, sonın` ushın da ol son`ınan Xiywag`a xan bolg`an. Bul haqqında «Shejire»de:

Alg`ır Shunqardın` pa`njesi,

Arın mırzadur kishisi,

Otız ug`ıldın` ba`risi,

Arınsha bolmag`an eken.

Yoqdur so`zimnin` qa`tesi,

Xan Ja`nibek qaynatası,

Hasıl to`renin` balası,
Xan ku`yewi bolg`an eken,

-dep jazıp keledi de, Xiywa xanlarının` saltanatın maqtaydı. Bunnan keyin de sol da`wirdegi Xorezm xanları haqqında ayrım mag`lıwmatlar berip baradı. Mısalı:

G`ayıp Xiywag`a xan boldı,
Qorazbek ha`m Sultan boldı,
Aqıbet wayran boldı,
Ma`demin inaq bolg`an eken.

Ma`demin ulı A`wez inaq,
Quda berdi ha`m da`wlet baq,
Eltezer inaq, Qutlımurat inaq,
A`wez inaqtan tuwg`an eken.

Andın son` Muxammed Raxim xan,
Titiredi Qurt, Gu`rjistan,
Eti ıqlım saqıp qıran,
Tamam yurttı alg`an eken.

Wa`liydur Allaqulı xanı,
Berdi quda duw ja`ha`ni,
A`dalatlı qutlı zaman,
Yurtı abad bolg`an eken.

G`ayıptın` Xiywag`a xan bolg`an da`wiri 1747-1757-jıllar, demek, bul waqıyalar bizin` da`wirimizge a`dewir jaqın keledi.

Berdaq bunnan keyin «Shejire»de qaraqalpaq batırları haqqında da so`z etedi. Ondag`ı so`z etilgen Dosan batır negizinen 18 a`sirde jasag`an. Al,

Berdaq bolsa 15 a`sirdegi xalıq an`ızlarının` qaharmanı Nag`adaydın` balası sıpatında ta`riypleydi. Mısalı:

Nag`adaydın` ulı Dosan,
Dosan batır bolg`an eken.

Tariyxıy dereklerge qarag`anda Dosan, shınında da, batır bolg`an. Onın` on jeti batır ulının` Xiywa xanı ta`repinen o`ltirilgenligi haqqında da aytadı.

Al, Berdaq bolsa o`z «Shejire»sinde usı on jeti batırdın` o`limin Qon`ırattın` qara moyın ruwının` kelip shıg`ıwı menen baylanıstıradı. Mısalı:

Yuzin jırtıp qara saldı,
On jeti u`yge qara saldı,
Shundan «qara moyın» boldı,
Sebebi shul bolg`an eken.

Biraq, Dosan batır tariyxta bar adam. Ol Xorezm tariyxında emes, ba`lki Buxar jılnamalarında tilge alınadı. Muxammed Yusup Munistin` aytıwı boyınsha ol on jeti xojalıg`ın alıp Xorezmge o`tpekshi bolg`anda xan a`skerlerinin` qarsılıg`ına ushırap, o`zinin` on jeti batır ulınan ayrılg`an. Berdaq «Shejire»sindegi ko`pshilik da`liyllerddin` ko`pshiligi isenimli, biraq ta onda da`wirdin` jılnamaları saqlanbag`an. Sonın` ushın geyde ha`r qıylı da`wir adamları da aralasıp ketedi.

Mug`allim taza temanı tu`sindirip bolg`annan sabaqta o`tilgen taza temanı bekkemlew basqıshına o`tedi. Da`stu`riy sabaqlarda mug`allim soraw-juwap tu`rinen paydalanıp, o`tilgen temanı bekkemlewi mu`mkin.

Ma`selen, taza temanı bekkemlew ushın to`mendegishe sorawlar beriliwi mu`mkin:

1. Berdaqtın` «Shejire» da`stanında qaysı da`wir waqıyaları haqqında so`z etiledi?
2. «Shejire» da`stanı qashan jazılg`an?
3. Da`standa qaraqalpaqlardın` kelip shıg`ıwı haqqında qanday pikirler beriledi?
4. Qaraqalpaqtın` altı ruwının` shıg`ısı tuwralı qanday pikirler berilgen?

5. Berdaq «Shejire»sinde Mayqı biyge qanday itibar beriledi?

6.Berdaq «Shejire»sinde 19 a`sirde qaysı biylerdin` atların ataydı?

Soraw-juwaptın` na`tiyjeleri boyınsha oqıwshılardın` taza temanı qalay o`zlestirgenligin anıqlaw mu`mkinshiligi payda boladı. Eger oqıwshılar taza temanı jaqsı tu`singen ha`m qabıl etken bolsa, bekkemlew barısında barlıq sorawlarg`a juwap beredi, al tu`sinbey qalg`an ma`seleleri boyınsha mug`allim qosımsha tu`sinikler beriwi tiyis.

Da`stu`riy sabaqlardag`ı bekkemlew basqıshınan son` u`yge tapsırma beriw basqıshı o`tkeriledi, bul basqıshta mug`allim u`yge tapsırmag`a Berdaqtın` «Shejire» da`stanı haqqında ulıwma mag`lıwmattı oqıp keliwdi beriwi mu`mkin.

Bunnan son` mug`allim oqıwshılardın` sabaq barısındag`ı belsendiligin, sabaqqa tayarlıg`ın esapqa alıp, oqıwshılarg`a tiyisli bahaların qoyıp, bahalardı esittiriwi mu`mkin.

Solay etip, qaraqalpaq a`debiyatı pa`ni mug`allimi qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatının` wa`kili Berdaq G`arg`abay ulının` «Shejire» da`stanı temasın ulıwma bilim beriw mekteplerinin` segizinshi klasslarında da`stu`riy sabaq usıllında o`tiwi mu`mkin.

## III BAP. Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın interaktiv metodlar arqalı u`yreniw

Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın ulıwma bilim beriw mekteplerinde tek g`ana da`stu`riy sabaqlar tu`rinde g`ana emes, al interaktiv metodlardı paydalang`an halda da u`yretiw mu`mkinshilikleri bar. Bul ushın biz da`slep interaktiv metodlar degenimiz ne degen sorawg`a juwap tabıwımız tiyis.

Texnologiya tu`sinigi 60-jıllarda Amerika ha`m Batıs Evropada ta`limdi refomalaw menen baylanıslı kirip keldi. B.Blum, J.Koroll, P.Ya.Galperin, V.İ.Davıdov, N.A.Menchinskaya, Z.İ.Kalmıkova, L.İ.Zankov texnologiyaları orın alg`an. Oqıtıwdı sho`lkemlestiriwdin` texnologiyalıq jantasıwları V.R.Bespalko, N.F.Talızina, L.M.Fridman, Yu.N.Kulyukina, G.S.Suxovskoy, T.V.Kudryashov, A.M.Matyushkin, M.İ.Maxmutov sıyaqlı ko`pshilik psixolog ha`m didaktikashılarg`a tiyisli.

Pedagogikalıq texnologiya u`sh aspektke iye` ilimiy, xarakteristikalıq ha`m a`meliy.

İlimiy aspekte oqıtıwdın` maqseti, mazmunı ha`m metodları ilimiy tiykarlanadı ha`mde pedagogikalıq protsess joybarlastırıladı.

Xarakteristikalıq aspektte jobalastırılg`an oqıw na`tiyjelerine erisiwdin` maqseti, mazmunı, metodları ha`m qurallarının` qatnasıwı tiykarında algoritm protsessii islep shıg`ıladı.

A`meliy aspekte pedagogikalıq texnologiya protsessii a`melge asırıladı.

Ta`lim a`meliyatına baylanıslı pedagogikalıq texnologiyalardın` u`sh da`rejesi belgilenedi` ulıwmapedagogikalıq, jeke metodikalıq, lokal (modul).

Ulıwma pedagogikalıq texnologiya bir pu`tin ta`lim protsessin an`latadı.

Jeke metodikalıq texnologiya bir pa`n shen`berindegi oqıw-ta`rbiya protsessin a`melge asırıw metodları ha`m qurallarınan ibarat boladı.

Lokal (modul) texnologiya oqıw-ta`rbiya protsessinin` arnawlı bo`limlerine texnologiyalardı engiziwdian`latadı. Bul texnologiya jeke didaktikalıq ha`m ta`rbiyalıq wazıypalardı sheshiwge qaratılg`an.

Pedagogikalıq texnologiya oqıwshılardın` tayarlıq da`rejesine, olardın` informatsiyalar menen tanısqanlıq da`rejesine say bolıwı lazım.

Pedagogikalıq texnologiya oqıtıwshı ha`m oqıwshı iskerligi menen belgilenedi. İskerliktin` bunday tu`rlerine qarap Pedagogikalıq texnologiyanın` du`zilmesi anıqlanadı. Ol kontseptual tiykar, ta`lim protsessinin` mazmunı ha`m texnologiyalıq protsesslerden ibarat boladı.

Ha`r bir pedagogikalıq texnologiya belgili bir ilimiy kontseptsiyag`a tiykarlang`an boladı. Olta`lim maqsetlerine erisiwdin` filosofiyalıq, psixologiyalıq, sotsiallıq-pedagogikalıq ha`m didaktikalıq tiykarların qamtıp aladı.

Ta`lim protsessi mazmunı ta`lim protsessinin` ulıwmalıq ha`m anıq maqsetleri, oqıwmaterialları mazmunınan ibarat boladı.

Texnologiyalıq protsess oqıw protsessin sho`lkemlestriw, oqıtıwshı iskerligi, oqıwshı iskerligi, oqıw protsessin basqarıw usılları, oqıw protsessi diagnostikasın qamtıp aladı.

İzertlewshiler ha`r qanday pedagogikalıq texnologiyalardı qanaatlandıratug`ın o`lshemlerdi belgilep beredi. Olarg`a to`mendegiler kiredi:

İzshillik-pedagogikalıq texnologiyalar o`lshemi sıpatında protsesstin` logikalılıg`ı, pedagogikalıq texnologiyanın` barlıq bo`leklerinin` o`z-ara baylanıslılıg`ın, bir pu`tinligin o`z ishine aladı.

Pedagogikalıq texnologiyalardın` o`lshemlerinin` biri onın` basqarıwg`a tiykarlang`anlıg`ı. Ol oqıw protsessi diagnostikası, onı jobalastırıw ha`m a`melge asırıwdı joybarlastırıw ondag`ı oqıtıw metodları ha`m quralları menen o`zgertip turıwdan ibarat bolıp tabıladı.

Pedagogikalıq texnologiyanın` na`tiyjelilik o`lshemi ta`lim protsessinin` konkret sha`rayatlardı alınatug`ın joqarı na`tiyjelerin ko`zde tutadı.

Qayta tiklew pedagogikalıq texnologiyalar o`lshemlerinin` biri. Ol pedagogikalıq texnologiyalardı basqa oqıw orınlarında da paydalanıw imkaniyatın bildiredi.

Bir qatar oqıw a`debiyatlarında «pedagogikalıq texnologiya» tu`sinigi menen birge «oqıtıw texnologiyası» tu`sinigi de ken` qollanıladı ha`m onın` didaktikalıq maqsetke erisiwdi esapqa alatug`ın oqıw protsessin engiziw menen baylanıslılıg`ın atap ko`rsetedi. Olardı ulıwmalastırıw arqalı oqıtıw texnologiyası ilimiy tiykarlang`an didaktikalıq protsessti a`melge asırıwshı ha`m joqarı da`rejede na`tiyjelilik, isenimlilik ha`m kepillik orın alg`an na`tiyjelerge iye pedagogikalıq iskerlik ekenligin an`laymız. Oqıtıwshının` bundag`ı iskerliginin` o`lshemleri to`mendegilerde o`z sa`wleleniwin tabadı:

- maqsettin` anıqlıg`ı ha`m onı diagnozlaw mu`mkinligi;

- u`yrenilip atırg`an temag`a baylanıslı teoriyalıq ha`m a`meliy ma`seleler ha`m onı sheshiw usılının` sistemalı ra`wishte usınınılıwı;

- temalardın` izbe-izligi, logikalıq baylanısı, basqıshpa-basqısh bayan etiliwi;

- oqıw protsessinin` ha`r bir basqıshında qatnasıwshılardın` o`z-ara ha`reket usıllarının` ko`rsetiliwi;

- oqıtıwshının` en` na`tiyjeli oqıtıw qurallarınan paydalanıwı;

- oqıtıwshı ha`m oqıwshı iskerliginin` motivatsiyalıq tiykarların ta`miynlew, bul protsesste olardın` shaxsiy-ka`siplik funktsiyalarının` ko`rinis tabıwı (erkin tan`law, kreativlilik, pikir talasıw ha`m t.b.).

Oqıtıw texnologiyasının` ma`nis-mazmunı nelerden ibarat?

Birinshiden, pedagogikalıq a`meliyatta ta`kirar o`ndiriw imkaniyatın esapqa alg`an halda oqıw protsessin aldın ala joybarlastırıw;

Ekinshiden, ornatılg`an didaktikalıq maqsetke erisiw sapasın ob`ektiv qadag`alaw imkaniyatlarının` maqsetke muwapıqlıg`ı;

- u`shinshiden, oqıtıw texnologiyasının` strukturalılıg`ı ha`m mazmunlıq bir pu`tinligi, yag`nıy onın` komponentlerinin` birin basqasına tiymesten o`zgertiwge jol qoyıp bolmaytug`ınlıg`ı;

- to`rtinshiden, en` maqul metodlar, forma ha`m qurallardı oqıtıw texnologiyasının` barlıq elementlerdin` qatan` nızamlı baylanıslarınan kelip shıqqan halda tan`lanıwı;

- besinshiden, oqıtıw protsessin o`z waqtında ha`m tezden du`zetiwge imkaniyat beretug`ın jedel keri baylanıstın` bar ekenligi. Bunnan juwmaq shıg`arıw mu`mkin. oqıtıw texnologiyası o`zinde bir pu`tin didaktikalıq sistemanı qamtıp alıp, pedagogikalıq ma`selelerdi bir qansha na`tiyjeli ha`m kepillengen sapa menen sheshe aladı.

Bu`gingi ku`n mektep ta`jiriybesinde oqıtıwdın` ha`r qıylı metodları paydalanılıp kelmekte, sol metodlarg`a qısqasha sıpatlama berip o`tip, olardın` ishindegi en` effektiv metodlar haqqında pikirlerimizdi bildiremiz.

Passiv metod - bul mug`allim ha`m oqıwshı arasındag`ı passiv pedagogikalıq qatnaslar. Mug`allim - sabaqtag`ı oraylıq figura. Oqıwshı passiv tın`lawshı boladı. Passiv metod pedagogikalıq maqsetlerge erisiwde qolaylı metodlardan esaplanadı. Azg`ana waqıtta za`ru`r bolg`an material tu`sindiriledi. Lektsiya – passiv metodtın` en` ken` tarqalg`an tu`ri esaplanadı. Passiv metod ko`birek qa`liplesip bolg`an insanlar ushın qolaylı bolıp tabıladı.

Aktiv metod - Oqıwshı sabaqtın` aktiv qatnasıwshısına aynaladı. Mug`allim sabaqtın` bas «hu`kimdarı» wazıypasınan bosatıladı. Oqıwshı ha`m mug`allim o`z-ara ten` huqıqlı qatnasıwshılarg`a aynaladı. En` tiykarg`ısı aktiv metodta mug`allim ha`m oqıwshı arasında pedagogikalıq birge islesiw payda boladı. İnteraktiv metodlar aktiv metodlardın` zamanago`y forması esaplanadı.

İnteraktiv metod - «Inter» - birgeliktegi, «act» - ha`reket. Birgeliktegi ha`reket, sa`wbetlesiw protsessinde bolıw, dialog. Pedagogikalıq protsess barlıq qatnasıwshılardın` pedagogikalıq maqsetlerge bag`darlang`an ken` qatlamlı qatnasıqları. Oqıw protsessinde tek mug`allim menen oqıwshı emes, al oqıwshılar da o`z-ara birgelikte jumıs isleydi.

Mug`allimnin` tiykarg`ı wazıypası oqıwshılar iskerligin pedagogikalıq maqsetlerge bag`darlawdan ibarat. Mug`allim sabaqtı mug`allim-oqıwshı, oqıwshı-oqıwshı arasındag`ı qatnasıqlardı na`zerde tutqana halda rejelestiredi. Ha`r qıylı shınıg`ıwlar, wazıypalar, oyınlar tiykarında sabaqtı sho`lkemlestiredi.

İnteraktiv bilimlendiriw protsessinde:

Mug`allimnin` tiykarg`ı wazıypası sabaqtın` maqsetine oqıwshılardın` o`z betinshe iskerligin bag`darlawg`a qaratıladı. Usıg`an sa`ykes halda wazıypalar belgilenedi. Wazıypalar bolsa interaktiv metodlar tiykarında sho`lkemlestiriledi.

Belgilengen wazıypalardı oqıwshılar o`z betinshe orınlaydı. Wazıypalardı orınlaw barasında oqıwshılar o`z betinshe juwmaqlar jasaydı, o`tilgen materiallardı o`zleri bekkemleydi. Sonın` menen birge jan`a materiallardı da o`zleri u`yrenedi.

İnteraktiv bilimlendiriw–birgeliktegi iskerlikti sho`lkemlestiriw, sa`wbet, dialoglar ortalıg`ın payda etiw.

İnteraktiv metodlarda oqıwshı tek mug`allim menen g`ana emes, al o`zlerinin` de birgeliktegi iskerligine tiykarlanadı.

Bilim alıw protsessinde tiykarınan oqıwshılardın` aktivligine itibar qaratıladı.

Usı joqarıda keltirilip o`tilgen metodlardı biri-biri menen salıstıra otırıp, to`mendegishe juwmaq jasawımız mu`mkin, sabaq barısında tek passiv metodtı paydalang`an mug`allim sabaqta tek o`zi aktiv jumıs islewi mu`mkin, al aktiv metodtı paydalanıw arqalı mug`allim tek oqıwshılar menen islesiwi, yag`nıy soraw-juwap o`tkeriwi, belgili da`rejede oqıwshılardın` sabaq barısında jumıs islewine, ha`reket etiwine mu`mkinshilik jaratıwı mu`mkin, bul metodlar burınnan pedagogikada ju`da` ken’ qollanılıp kiyatır. Ha`zirgi da`wir pedagogikasında qollanılıwı talap etilip atırg`an interaktiv metodlar bolsa tek mug`allim ha`m oqıtıwshı emes, al oqıwshılardın` birgelikte islesiwin, olardın` o`z-ara birgelikte islesiwi arqalı taza mag`lıwmattı o`zlestiriwi na`zerde tutıladı ha`m bul interaktiv metodlar ju`da` jaqsı na`tiyjelerdi beredi.

Ha`zirgi waqıtta ta`lim metodların jetilistiriw tarawındag`ı tiykarg`ı bag`darlarınan biri interaktiv ta`lim ha`m ta`rbiya usılların engiziwden ibarat. Barlıq pa`n oqıtıwshıları sabaq shınıg`ıwları protsessinde interaktiv usıllardan barg`an sayın ken`irek paydalanbaqta.

İnteraktiv usıllardı qollanıw na`tiyjesinde oqıwshılardın` o`z betinshe pikirlew, talqılaw, juwmaqlar shıg`arıw, o`z pikiriin bayan etiw, onı tiykarlang`an halda qorg`ay biliw, salamat qarım-qatnas, sa`wbetlesiw, tartıs alıp barıw ko`nlikpeleri qa`liplesip, rawajlanıp baradı.

Bul ma`selede amerikalı psixolog ha`m pedagog B.Blum biliw ha`m emotsional tarawlardag`ı pedagogikalıq maqsetlerdin` taksonomiyasın jaratqan. Onı Blum taksonomiyası dep ataydı. (Taksonomiya-barlıqtın` quramalı du`zilgen tarawların klassifikatsiyalaw ha`m sistemalastırıw teoriyası). Ol oylawdı biliw qa`biletleri rawajlanıwına muwapıq ra`wishtegi altı da`rejege ajırattı.

Bunda oylawdın` rawajlanıwı biliw, tu`siniw, qollanıw, analiz, ulıwmalastırıw, bahalaw da`rejeleri boladı. Usı ha`r bir da`rejege muwapıq feyiller u`lgileri menen de su`wretlenedi: atap aytqanda:

Biliw-da`slepki oylaw da`rejesi bolıp, bunda oqıwshı atamalardı ayta aladı, anıq qag`ıydalar, tusinikler, faktler ha`m usı sıyaqlılardı biledi. Bul oylaw da`rejesine muwapıq feyil so`zler u`lgileri: qaytara biliw, bekkemley alıw, xabardı jetkere alıw, aytıp bere alıw, jazıw, su`wretelw, parıqlaw, tanıy alıw, so`ylep beriw, ta`kirarlaw.

Tu`siniw da`rejesindegi oylawg`a iye bolg`anda bolsa okıwshı faktler, qag`ıydalar, sxema, kestelerdi tu`sinedi. Bul mag`lıwmatlar tiykarında kelesi na`tiyjelerin shamalap sıpatlay aladı. Bul pikirlew da`rejesine qaray feyil so`zler u`lgileri: tiykarlaw, almastırıw, anıqlastırıw, belgilew, tu`sindiriw, awdarmalaw, qayta du`ziw, sa`wlelendirip beriw, sholıw, aydınlastırıw.

Qollanıw da`rejesindegi oylawda oqıwshı alg`an bilimlerinen tek da`stu`riy g`ana emes, al da`stu`riy emes jag`daylarda da paydalana aladı ha`m olardı

tuwrı qollanadı. Bul oylaw da`rejesin muwapıq feyil so`zler: engiziw, esaplap shıg`ıw, ko`rsetiw, paydalanıw, u`yretiw, anıqlaw, a`melge asırıw, esap-sanaq qılıw, usınıw, sheshiw.

Analiz da`rejesindegi oylawda oqıwshı anıq bo`limlerin ham olardın` arasındag`ı o`z-ara baylanıslardı ajırata aladı, pikirlew logikasındag`ı qatelerdi ko`rsetedi, faktler ha`m na`tiyjeler arasındag`ı o`zgesheliklerdi ajıratadı, mag`lıwmatlardın` a`hmiyetin bahalaydı. Bul oylaw da`ejesine muwapıq feyil so`z u`lgileri: keltirip shıg`arıw, ajıratıw, tiplestiriw, shamalaw, boljaw, bo`listiriw, tekseriw, toparlastırıw.

Ulıwmalastırıw da`rejesindegi oylawda oqıwshı do`retiwshilik is orınlaydı, qanday da ta`jiriybe o`tkeriw rejesin du`zedi, bir neshe tarawlardag`ı bilimlerden paydalanadı. Mag`lıwmattı jan`alıq jaratıw ushın do`retiwshilik penen qayta isleydi. Bul oylaw da`rejesine muwapıq feyil so`zler u`lgileri: jan`alıq jaratıw, ulıwmalastırw, birlestiriw, rejelestiriw, islep shıg`ıw, sistemalastırıw, kombinatsiyalastırıw, jaratıw, du`ziw, joybarlaw.

Bahalaw da`rejesindegi oylawda oqıwshı o`lshemlerdi ajırata aladı, olarg`a a`mel qıla aladı. O`lshemlerdin` ha`r tu`rliligin ko`redi, juwmaqlardın` bar mag`lıwmatların bahalaydı, faktler ha`m bahalawshı pikirler arasındag`ı o`zgesheliklerdi ajıratadı. Bul oylaw da`rejesine muwapıq feyil so`zler u`lgileri: izertlew, da`liylew, o`lshew, baqlaw, tiykarlaw, maqullaw, bahalaw, tekseriw, salıstırıw, uqsatıw. İnteraktiv usıllar ko`p tu`rli bolıp, olardın` barlıg`ı da ha`r qanday progressiv usıllar sıyaqlı en` da`slep, oqıtıwshıdan shınıg`ıw aldınan u`lken tayarlıq ko`riwdi talap qıladı.

Respublikamızdag`ı ko`p jıllıq qaraqalpaq a`debiyatın oqıwdag`ı ta`jiriybeler sabaq beriwdin` tiykarg`ı u`sh tu`rli metodın islep shıqtı. Bul jag`daylar basqa ellerdin` a`debiyattı oqıtıw ta`jiriybelerinde bar qubılıs.

Lektsiya metodı. Bul sabaq waqıtlarında oqıwshılarg`a jan`a materiallardı bayanlawda, ko`rkem oqıp, so`ylep beriw payıtlarında qollanıladı. Bul lektsiyalıq usıl menen o`tiletug`ın sabaq metodı barlıq klasslarda sabaq

protsessinde qaraqalpaq a`debiyatının` mug`allimi jeterli da`rejede qollana aladı. Negedur ko`p metodistler, bunı da jedelli metodlardan dep esaplamaydı. Usı lektsiya metodının` tusında da gu`rrin`lesiw metodın qollanıw mu`mkin. Sonın` ushın qaraqalpaq a`debiyatının` mug`allimi anaw yamasa mınaw sabaqtı men tek mınaday bir g`ana gu`rrin`lesiw yamasa lektsiya metodı menen o`temen dep kesip ayta almaydı. O`tykeni, eger sabaq jag`dayı talap etse, gu`rrin`lesiw metodının` tusında da lektsiya metodın mug`alli belsendi qollanıwına boladı. Sonın` ushın klassta qaraqalpaq a`debiyatının` mug`allimine sabaqtı qaysı metodtı qollanıwdı sabaq jag`dayı ko`rsetedi. Bul pedagogikalıq protsesstin` janlı o`mir su`riw nızamlıg`ı bolıp esaplanadı. Biraq mug`allim mag`an sabaq jag`dayı ko`rsetedi-dep qaraqalpaq a`debiyatının` mug`allimi sabaqqa tayarlanbay keliwine haqısı joq[40] - dep jazadı metodist-ilimpaz A`.Paxratdinov.

Mug`allim o`z sabag`ına jaqsı tayarlanıp kelgen jag`dayda g`ana og`an sabaq o`tiwdin` jolların sabaq o`tiw da`wirlerindegi mug`allim menen oqıwshı arasındag`ı nızamlıqtın` rawajlanıw protsessii, olar ekewine de kem-kem bilimdi rawajlandırıwdın` jolların ko`rsetetug`ın jag`day. Usı qolaylıqlardan eki ta`repe paydalang`an waqıtlarda g`ana mektepte qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw ma`seleleri durıs jolg`a qoyılg`an bolıp esaplanadı. Sol sebepli de ayırım ataqlı metodistler sabaqqa mug`allimnin` belsendiligin ha`m og`an qosımsha oqıwshılardın` da belsendiligi ko`rkem a`debiyattı u`yreniwge ja`ne de og`an qızıg`ıwshılıqtı arttıratug`ın jag`dayın jaratadı dep ko`rsetedi. Sonlıqtanda, ko`p metodistler mug`allimnin` klassta o`tiwge tiyisli bolg`an materialların, oqıwshı oqıp kelgen bolıwları kerek degen talaptı qoyadı[41]-dep jazadı A`.Paxratdinov.

Gu`rrin`lesiw metodı. Bul mektepte barlıq sabaq protsessinde qollanılatug`ın belsendi metodlardan bolıp esaplanadı. Bull sabaq protsessinde tek oqıwshı g`ana jedellestirip qoymastan, sabaq beriwshi mug`allimdi de

---

[40] A`.Paxratdinov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası, No`kis-2004, 92-b

[41] A`.Paxratdinov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası, No`kis-2004, 92-b

ha`reketke keltiredi. Sebebi, mug`allim oqıwshıg`a soraw beriw, onnan juwap alıw waqıtlarında da qaraqalpaq a`debiyatı mug`alliminin` ja`ne de oqıwshıg`a qosımsha sawallar berip, onın` aytajaq oyındag`ısının` barlıg`ın bilip alıw mu`mkinshilikleri jaratıladı. Bolmasa oqıwshı aytayın degen oylarının` barlıg`ın tolıq ayta almay jan`ılısıwı mu`mkin. Bull jag`daylarda onı qosımsha sawallar menen gu`rrin`lesip jetelew arqalı oqıwshının` kewildegilerinin` barlıg`ına tu`siniwge boladı. En` a`hmiyetli jeri oqıwshı ko`rkem a`debiyatqa qızıg`a ma, ya qızıqpay ma. Usınday aktual` ma`seleler gu`rrin`lesiw da`wirlerinde de bayqaladı.

En` tiykarg`ı ma`sele sabaq waqıtlarında gu`rrin`lesiw metodın o`tkeriwge qaraqalpaq a`debiyatı mug`alliminin` sheberligi kerek. Gu`rrin`lesiw metodın sabaqtın` barlıq etaplarında o`tkeriw mu`mkin. Gu`rrin`lesiw ha`r tu`rli bolıwı mu`mkin. Ma`selen, mug`allim jekke oqıwshılar menen de gu`rrin`lesiwi mu`mkin. Ja`ma`a`t usılla da gu`rrin`lesiw o`tkeriw mu`mkin. Biraq bunı mug`allim sabaqtın` barısına qarap isleydi.

Eger karaqalpaq a`debiyatı mug`allimi sabaqtı gu`rrin`lesiw metodı menen o`tkeriw na`tiyjeli juwmaq beredi dep esaplasa, onda gu`rrin`lesiw metodın o`tkreiw usılların aldın ala tayarlag`an halda klassqa keliwi kerek.Ayırım jag`daylarda sabaqtın` barısı mug`allimge birden gu`rrin`lesiw situatsiyasın tuwg`ızıwı mu`mkin. Onday jag`daylarda mug`allim onı jedellik penen paydalanıp ketkeni jaqsı.

Bayanat metodı. Bunı geypara a`debiyatshı-metodistler oqıwshılardın` o`z betinshe islew metodı dep ataydı.

Mektep o`mirinde en` ken` ha`m ko`p engizilip kiyatırg`an metod bunı tallap oqıw dep te belgileydi. Bul a`debiy shıg`armalardı o`tkendegi oqıwshılar menen gu`rrin`lesiw waqıtlarında da qollanatug`ın lektsiya metodının` bir tu`ri.

Ma`selen, o`tken a`sirdin` 70-80-jıllarında ko`rkem a`debiyattın` metodikasın izertlewshi pedagog-metodistler orta mektepte ko`rkem a`debiyattı oqıtıwda, tek tiykarg`ı baslı metodlarg`a g`ana su`yenip oqıtıw kerek degenlerde

boldı. Bul pikirler bir jaqlı pikiirler edi. Sebebi, bul a`debiyattı oqıtıwdı sheklew bolatug`ın edi. O`ytkeni, tipine, sabaq jag`dayına qarap otırıp, bir neshshe metodlardı da qollanıw mu`mkin edi. Ko`rkem a`debiyattı oqıtıw tek mekteplerde g`ana emes, al joqarı oqıw orınlarında da en` u`lken a`hmiyetke iye. Bul, do`retiwshilik metod, evristikalıq metod, izleniw metodı, izertlew metodı, reproduktivlik metod ha`m t.b. metodlar. Bulardın` ko`bisi qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıwda akademiyalıq litseylerde ko`birek qollanılsa boladı.

Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası o`tken da`wirlerdegi mektep ta`jiriybelerinin` progressiv jaqların jan`a pedagogikalıq texnologiyanın` baslı printsiplerin paydalanı otırıp, a`debiyattı oqıtıwda jan`a usıllardı da qollanadı. Ko`binese, oqıwshılardın` do`retiwshilik iskerligin arttırıw, olardı o`z betinshe islewge ko`nliktiriw, qızıqtırıw, a`detlendiriw, a`debiy shıg`armalardın` ta`siri astında olardı ha`r ta`repleme rawajlandırıw, olardı milliy ideya, milliy ideologiya negizinde ta`rbiyalap, o`mirdin` ha`mme ta`replerine sın ko`z-qaraslar menen qarawdı u`yretiw, bul jo`ninde sabaq protsessindegi metodlardı qollanıwdı, jedellestiriw ushın kerek boladı. Sonın` ushın oqıtıwda metodlardı belsendi qollanıw, bull sabaqtın` durıslı ilimiy da`rejede barıwında da tiykarg`ı belgilerden bolıp esaplanadı. Sol sebepli, oqıtıwda belsendi qollanılatug`ın metod dep tilde ju`ritilgen menen metodlar ayrıqsha metod, ortasha metod dep bo`linbeydi. Sebebi, oqıtıwda oqıwshılardın` jedelligin asırıw ushın metodlardı qollanbasa bolmaydı.

Qaraqalpaq a`debiyatının` mug`allimi metodtan tısqarı, oqıw protsessinde ha`r qıylı usıllardı qollanıw mu`mkin. Bunısız klassta sabaq alıp barıwda mu`mkin emes. Usılardın` o`zi metodtın` bir bo`limi. Qaraqalpaq a`debiyatının` mug`allimi qaraqalpaq a`debiyatınan sabaq waqıtlarında ha`r bir metodtın` tusında ha`r qıylı usıllardı qollanadı. Ma`selen: qaraqalpaq a`debiyatının` mug`allimi oqıwshılardı o`z lektsiyasının` jobaları menen tanıstıradı. Ja`ne de oqıwshılarg`a lektsiya da`wirlerinde de o`z lektsiyasın qalay jazıp barıwdın` jolların u`yretedi.

Sabaq payıtlarında o`zinin` oqıwshılarg`a tu`sindirgenleri a`bden tu`sinikli bolıwı ushın ko`rsetpeli qurallardan ol belsendi paydalanadı.

Ja`ne de qaraqalpaq a`debiyatının` mug`allimi sabaq da`wirlerinde gu`rrin`lesiw metodın tabıslı o`tkeriw ushın ol sabaqtın` kiris ha`m aqırg`ı payıtlarında durıs, anıq sorawlar qoyıwdın` usılların qollana biliwi kerek.

Bayanat ha`m oqıwshılardın` o`z betinshe islew metodlarında oqıtıwshı oqıg`an ko`rkem shıg`armalardın` jobaların du`zdiriw, ol haqqında shıg`ıp so`ylewler, sabaq barısı boyınsha ba`sekilesiw ha`m olardı bahalaw usag`an usıllardı qollanıwı so`zsiz. Mine, usınday metodlardı jetistiriwde ja`rdem beretug`ın qosımsha da`rekler usıl dep ataladı. Sabaq protsessinde ha`r qıylı paydalı usıllardı qollanıw bul mug`allimnin` sheberligine baylanıslı[42] - degen pikirdi bildiredi ataqlı metodist-ilimpaz A`.Paxratdinov.

Joqarıda qarastırıp o`tken metodlarımızdı tallay otırıp, lektsiyanı o`zgesheligi boyınsha passiv metodqa kirgizemiz, gu`rrin`lesiwdi aktiv metodqa, al bayanattı interaktiv metodqa kirgiziwimizge boladı. Demek, oqıwshılardın` biri-biri menen birgelikte islesiwin sho`lkemlestriwdin` en` a`piwayı forması bayanatlar bolıp, oqıwshı usı bayanattı tayarlaw barısında o`z betinshe ko`birek jumıs isleydi, al bayanattı oqıg`annan keyin onın` talqılawına o`tiledi, owshılar biri-birine sorawlar beredi ha`m sol arqalı bilimler ele de teren`lestiriledi.

Berdaqtın` «Shejire» shıg`arması tariyxıy shıg`armalar qatarında u`yreniledi. Usı temanı u`yreniw ushın to`mendegishe variant usınıladı.

**Tema: Berdaqtın` tariyxıy shıg`armaları**

Sabaqtın` tu`ri: awızeki oqıtıw.

Sabaqtın` metodı: mashqalalaı oqıtıw.

Sabaqtın` maqseti:

[42] A`.Paxratdinov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası, No`kis-2004, 94-b

Bilim beriwshilik: Tariyxıy shıg`armalar arqalı watanımızdın` tariyxın ha`m eldin` ar-namısı ushın gu`resken batırlar xaqqında bilim beriw.

Ta`rbiyalıq a`hmiyeti: Oqıwshılarg`a bilim beriw menen birge, a`dep-ikramlılıqqa, watandı su`yiwshilikke ta`rbiyalaw.

Rawajlandırıw: Oqıwshılarda erkin pikirlewdi ha`m tariyxıy shıg`armalardı durıs talqılaw ko`nlikpesin rawajlandırıw.

-Ku`tiletug`ın na`tiyje: a) Tariyxıy shıg`armalar arqalı watandı qa`dirlew, insanıylıq sezimlerge ta`rbiyalaw;

B) Oqıwshılar arasında doslıq, bir-birine ja`rdem beriw ku`sheyedi, bilim alıwg`a umtılıwshılıq, talapshan`lıq, izleniwshilik artadı.

Ko`rgizbe qurallar: Sabaqlıq, shayırdın` qosıqlar toplamı, su`wreti, Qaraqalpaqstan Respublikası kartası, «Amangeldi», «Ernazar biy» shıg`armalarına arnap sızılg`an su`wretler, plakat, ren`li qag`azlar, kespe qag`azlar, marker t.b.

Sabaq barısı:

Sho`lkemlestiriw(2 min)

U`y tapsırmasın soraw (10 min) U`yge berilgen tapsırma Berdaq G`arg`abay ulının` o`miri ha`m do`retiwshiligi. U`yge tapsırma oqıwshılardın` yadına tusirilip, oladın` sabaqqa tayarlıg`ın tekseriw ushın temag`a qısqasha sholıw jasaladı. Oqıwshılardın` temanı aytıwına, qosıqlarınan u`zindiler aytıwına, qosımsha sorawlarg`a juwap beriwine qarap tiyisli ball qoyıladı.

Taza tema: (13 min)

Mug`allim shayırdın` tariyxıy shıg`armalarının` atların, shıg`armada so`z etiletug`ın waqıyalar, neshinshi jılları bolganın, qaharmanlardı, olardın` batırlıg`ın, shıg`armalarının` qosıq qatarlarınan mısallar keltirip aytıp o`tedi. Shıg`armag`a baylanıslı planshet, kitap ha`m ko`rgizbe qurallar okıwshılarg`a ko`rsetiledi.

Berdaq shayırdın` qaraqalpaq a`debiyatının` biyik shın`g`a ko`tergenin, lirikalıq qosıqlar jazıw menen birge xalıq tariyxı menen bekkem baylanısqan da`stanlar ha`m  el shejiresin jazıp qaldırg`anlıg`ı aytıladı.

Bekkemlew (10 min)

Oqıwshılar bes-altı toparg`a bo`lip otırg`ızıladı. Mug`allim taza temanı bekkemlew ushın birneshe shınıg`ıwlar sho`lkemlestiredi. Shınıg`ıwdın` sha`rti to`mendegishe: Taqtag`a Berdaqtın` «Amangeldi», «Ernazar biy» «Aydos baba», «Shejire» shıg`armalarının` atı gu`ldin` arasına jazıp qıstırıladı.

Gu`ldin` japıraqlarına usı shıg`armalarg`a baylanıslı mag`lıwmatlar jazılg`an. Taqtag`a 2 topardan oqıwshılar gezekpe-gezek shıg`ıp, stol u`stinde shashılıp jatırg`an gu`l japıraqların aladı. Jazılg`an mag`lıwmatlar qaysı shıg`armag`a tiyisli bolsa, sol gu`lge aparıp qıstırıladı. Qaysı oqıwshı durıs, tez, gu`l soqsa og`an «xoshamet» kartochkası beriledi. Oyın arqalı oqıwshılar taza temanı tez o`zlestirip alıwg`a, onı bekkemlewge erisedi.







«Na`tiyjeli baylanıs» shınıg`ıwı (8 min) sho`lkemlestiriledi. Bunda oqıwshılar 3 qatarg`a bo`linedi ha`m do`n`gelek tu`rde emes, al, partada uzınına, qatarma-qatar otıradı.

Mısalı:



U`sh qatardag`ı en` keyingi partada otırg`an okıwshıg`a mug`allim «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy» shıgarmalarınan ko`rinis sızılg`an su`wretti beredi. Oqıwshı berilgen su`wretti tanısıp bolgannan son`, mug`allim su`wretti qolınan alıp qoyadı. Solay etip, artqı partadag`ı otırg`an oqıwshı aldın`g`ı oqıwshıg`a su`wretti ta`ripylep tu`sindiredji, ol tın`lap bolıp, aldın`g`ı oqıwshıg`a tu`sitndiredi. Usı taqılette birinshi partada otırg`an oqıwshı tu`singenin taxtag`a sızadı.Bunda ko`rinis okıwshılardın` yadında qanshelli qalg`anlıg`ı birinshi, son`g`ı esitken oqıwshı arqalı ma`lim boladı, qaysı topar ko`rinisti tolıq saqlap jetkergenligi anıqlanıp, bahalanadı. Bul shınıg`ıwda shıg`armadan u`zindi tekstler berilse de boladı. Bunday jag`dayda aldın`g`ı partadag`ı son`g`ı oqıwshı tekst mazmunın so`ylep beredi.

U`yge tapsırma (2 min)

Berdaqtın` tariyxıy shıg`armaları tuwralı mag`lıwmattı aytıp beriw.

Qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatının’ talantlı wa`kili Berdaqtın’ o’z xalqının’ kelip shıg’ıwı haqqında, yag’nıy qaraqalpaqlardın’ kelip shıg’ıwı haqqında jazg’an «Shejire» shıg’armasın ulıwma bilim beriw mekteplerinde u`yreniw barısında aldın’g’ı pedagogikalıq texnologiyalardı paydalang’an halda sabaqtı to’mendegishe o’tiwdi usınıs etemiz:

**Tema: Berdaqtın` «Shejire» da`stanı**

Sabaqtın’ maqseti:

Bilim beriwshilik: Berdaq G’arg’abay ulının’ «Shejire» da`stanı haqqında oqıwshılarg’a tolıq teoriyalıq mag’lıwmat beriw;

Ta`rbiyalıq: Berdaqtın’ «Shejire» shıg’arması arqalı oqıwshılarg’a qaraqalpaq xalqının’ tariyxı, kelip shıg’ıwı haqqında mag’lıwmatlardı beriw arqalı ha`r bir insannın’ o’zligin an’law, tariyxtı u`yrene otırıp, bu`gingi ku`ndi qa`dirlew sezimlerin ta`rbiyalaw;

Rawajlandırıwshılıq: Berdaqtın’ tariyxıy shıg’armaların u`yretiw arqalı oqıwshılardın’ sana-sezimin, oy-o’risin rawajlandırıw, so’ylew ma`deniyatın rawajlandırıw;

Sabaqtı qurallandırıw: Ulıwma bilim beriw mekteplerinin’ segizinshi klass oqıwshıları ushın qaraqalpaq a`debiyatınan sabaqlıq, Berdaq shayırdın’ portreti, toplamları, Berdaq shayırdın’ do’retiwshiligin izertlewge arnalg’an ilimiy miynetler;

Sabaqta qollanılatug’ın metodlar: ko’rgizbeli prezentatsiya, klaster, kategoriyalı tablitsa.

Sabaqtın’ barısı:

I. Sho’lkemlestiriw

Klasstın’ sabaqqa tayarlıg’ın ko’zden o’tkeremen, oqıwshılardın’ dıqqatın bir jerge ja`mlep, oqıwshılardın’ sabaqqa qatnasın barlayman, sabaqta jumıs islew ushın qolaylı sharayatlar jarataman ha`m sabaqtı baslayman.

II. U`yge tapsırmanı soraw

U`yge tapsırmanı ha`r qıylı formada soray beriw mu`mkin, ma`selen, oqıwshılardı taxtag’a shıg’arıp, berilgen temanı aytıp bergenine qarap baha qoyıw mu`mkin, a`lbette, bul ha`zirgi waqıtları u`yge tapsırmanı sorawdın’ mektep ta`jiriybesinde ju`da` ken’ qollanılatug’ın tu`ri bolıp esaplanadı. Biraq, oqıwshılardın’ sabaqqa qızıg’ıwshılıg’ın arttırıw ushın mug’allim ha`r qıylı interaktiv shınıg’ıwlardı paydalanıw mu`mkin. Ma`selen, u`yge tapsırmanı «Qar boranı» interaktiv shınıg’ıwdı qollanılg’an halda soraw mu`mkin. Bunın’ ushın mug’allim o’tilgen tema boyınsha sorawlar tayarlap keledi ha`m oqıwshılardın’ qa`legenine «qar ılaqtırıp», bul jerde qar soraw formasında boladı, al oqıwshı usı sorawdın’ juwabın bere otırıp, ol da «qardı qayta ılaqtırg’an» boladı, yag’nıy sabaq barısında oqıwshılar tek a`piwayı juwap berip qoymastan ha`reketlenip te otıradı. Ma`selen, mug’allim to’mendegi «qar-sorawdı» beriwi mu`mkin:

1.Qaraqalpaq bermes qızın,

Ha`mmesi de menin’ qozım,

Tiydirmespen tiride o’zim, -qatarları qaysı batırg’a tiyisli ha`m u`zindi Berdaqtın’ qaysı shıg’armasınan alıng’an?

Bul jerde oqıwshı to’mendegishe «qar-juwabın» beriwi kerek.

Asan, «Amangeldi» poemasınan
Ekinshi «qar-soraw»:

Jumıs isle, tuwılg’an son’ el ushın,

Janın’dı ayama elde er ushın-qaysı qosıqtan u`zindi?

Juwabı:

«Jaqsıraq»

3. «Sahra bu`lbili» monografiyasının’ avtorı?

İ.Sag’ıtov

4. «Berdaq poemasının’ avtorı?

S.Nurımbetov

5. «Mo’r uslag’an Bahawatdin ha`m xan buyrıg’ın orınlawshı Nurımbettin’ atları tilge alıng’an Berdaqtın’ qosıg’ı?

«Salıq»

6. Aqılı ka`mil, ilimi zor,

Bilimli el bolmaydı xor-degen pikirler shayırdın’ qaysı qosıg’ında berilgen?

«İzler edim»

7. «Xalıq ushın» qosıg’ı tematikası boyınsha qanday shıg’armalar qatarına kiredi?

Aqıl-na`siyat, didaktikalıq lirika

8. Berdaqtın’ tariyxıy shıg’armaları?

«Shejire», «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy»

9. Berdaqtın’ «Shejire»sinde qaysı da`wir waqıyaları sa`wlelenedi?

Payg’ambarlar zamanınan baslap 19-a`sirdegi qaraqalpaqlar turmısı menen tamamlanadı.

10. «Xannın’ isi-shaytan isi» degen pikir kimge tiyisli ha`m ol qay waqta aytılg’an?

Aydos degen ullı kisi,
Aqırı ketti qoldan ku`shi,
«Xannın’ isi-shaytan isi»,
Degen eken Aydos baba.

11.Alıp qırmızı ren’di,
Xan etip Zarlıq to’reni,
Shalıp Qulmurat geren’di- o’tken batır kim edi?

Ernazar biy

12. Berdaqtın’ «Ernazar biy» poemasının’ tiykarında qanday waqıyalar jatadı?

1855-1856-jıllardag’ı Ernazar biy basshılıg’ındag’ı milliy azatlıq gu`resi.

Solay etip, u`yge tapsırmanı soraw basqıshında «Qar boranı» interaktiv shınıg’ıwın paydalanıw mu`mkin, bul shınıg’ıwdı orınlaw barısında oqıwshılardın’ individual ta`rtipte islewine tuwra keledi.

U`yge tapsırmanı soraw basqıshında «Berdaq do’retiwshiliginin’ bilimdanı» konkursın o’tkeriw mu`mkin. Bunın` ushın sorawlardın` barlıg`ı ha`r bir oqıwshıg`a o`z aldına kespe qag`azlarg`a jazıp beriledi ha`m kespe qag`azlar oqıwshılarg`a tarqatıladı. Belgilengen waqıtta oqıwshılar kespe qag`azlardag`ı sorawlarg`a juwap beriwi tiyis. Bul shınıg`ıwda oqıwshılar ta`repinen individual ta`rtipte orınlanadı.

Usı shınıg`ıwdı oqıwshılardı kishi toparlarg`a bo`lip, toparlarda orınlaw mu`mkin, endi da`l usı sorawlardı paydalang`an halda «Taw shoqqısı» interaktiv shınıg`ıwın orınlaw mu`mkin. «Taw shoqqısı» interaktiv shınıg`ıwı ushın tayarlang`an sorawlardın` juwapları kespe qag`azlarg`a jazıladı, kespe qag`azlar toparlarg`a tarqatıladı. Bul shınıg`ıwdı orınlawda ku`shli tayarlıq penen birge oqıwshılardan shaqqanlıqtı da talap etedi. Soraw mug`allim ta`repinen oqıp esittirilgennen keyin toparlar kespe qag`azlardın` arasınan durıs

juwaptı tez tawıp alıp, oqıp beriwi tiyis, durıs juwap ushın «xoshametlew» berilip, sol arqalı topar taw shoqqısına ko`terilip baradı. Solay etip, shınıg`ıwdın` en` son`ında juwmaq jasalıp, qaysı topar o`z bilimi ha`m shaqkanlıg`ı menen tawdın` shoqqısına shıqqanlıg`ı anıqlanadı.

U`yge tapsırmanı sorap bolg`annan keyin taza temanı tu`sindiriw basqıshına o`tiw ushın taza temanı o`tilgen tema menen baylanıstırg`an halda baslawımızg`a boladı. Ma`selen, oqıwshılarg`a to`mendegishe sorawlar berip,keyin taza temanı baslawımız mu`mkin:

1.Berdaq shayır qaysı da`wirde jasag`an? (Berdaq shayır XIX a`sirde jasag`an)

2.Berdaqtın` qanday qosıqların bilesiz? (Shayırdın` «Balam», «Xalıq ushın», «Jaqsıraq», «Kelin», «Oylanba», «İzler edim» t.b.)

3.Berdaqtın` qaysı shıg`armaları tariyxıy shıg`armalar qatarına kiredi? (Berdaqtın` «Amangel`di», «Aydos baba», «Ernazar biy», «Shejire» shıg`armaları tariyxıy shıg`armalar qatarına kiredi).

U`shinshi sorawg`a juwaptı alıp bolg`annan keyin bu`gin biz Berdaqtın` «Shejire» da`stanı menen tolıqraq tanısamız dep taza temanı baslawımız mu`mkin.

«Mın` ma`rtebe esitkennen go`re bir ma`rtebe ko`rgen jaqsı» degen naqıldı ha`mme biledi. Awızeki tu`rde materiallardı o`zlestiriw ko`rsetkishi 10% bolg`an jag`dayda sabaq na`tiyjesiz boladı.Sabaqlarda oqıw materialların, taza mag`lıwmatlardı ko`rgizbeli formada, atap aytqanda vizual-prezentatsiyanı paydalanıw maqsetke muwapıq boladı.

Bu`gingi ku`ni ulıwma bilim beretug`ın mekteplerimizdin` materiallıq-texnikalıq ta`miynleniwi sabaqlarda informatsiyalıq-qommunikatsiyalıq texnologiyalardı paydalanıwg`a tolıq mu`mkinshilikler beredi, sol sebepli waqıttan u`nemli paydalanıw ushın taza temanı ko`rgizbeli prezentatsiyanı paydalang`an halda o`tkenimiz maqul boladı, bul jerde oqıwshı tek sabaqta mug`allimnin` aytıp bergen mag`lıwmatın tek tın`lap g`ana qoymastan, onı

vizual` ko`riw mu`mkinshiligine de iye boladı ha`m sabaq oqıwshının` yadında jaqsı saqlanıp qaladı. Prezentatsiya qosımshada beriledi. Prezentatsiya menen birge klass taxtasına vatman qag`azdı ildirip qoyıp, «tu`bi bir shaqası mın` bolsın» degen danalıq so`z bar, da`l sol sıyaqlı biz da`standı oqıg`an waqtımızda terektin` su`wretin salıwımızg`a boladı.

Adam atanın` A`biwba`kir ha`zireti Omar, Ospan, A`liy to`rt sha`riyar, rayg`ambardın` yaranı eken. Bunnan otız u`sh mın` sahaba tarqalg`an bolıp, solardan eki sahaba Aral boylarına kelgen. Bul A`nes ha`m Ma`lik saxaba bolıp, Ma`lik ha`m onın` ulı Razıshax Jan`akentte xan bolg`an. Berdaq ta o`z babasının` tariyxın tap sol da`wirlerden baslag`an.

Ma`liktin` ulı Razıshax,
Yashlıg`ında qoydı g`ulpaq,
Kiygen eken qaraqalpaq,
Shundın «qalpaq» bolg`an eken

Solay etip, Berdaq qaraqalpaqlardı Ma`lik xannın` ulı Razıshaxtan tarqalg`an degen pikirge keledi. Bul jag`day tariyxıy haqıyqatlıqqa a`dewir jaqın.

«Shejire»degi bunnan keyingi syujet Mayqı biyden baslang`an. Mayqı biy, shınında da, barlıq shejirelerde tu`rkiy xalqının` atası sıpatında berilgen.

Al, Berdaqtın` ko`rsetiwi boyınsha Mayqı biy o`zbektin` Jiyen degen balasının` ba`ybishesinen tuwılg`an bolıp, onnan Jayılxan, Seyilxan degen eki bala qalg`an. Seyilxannan Tu`rkmen, Jayılxannan Qon`ırat tuwıldı dep jorıydı. Ekinshi hayalı Sarnazdan Qıtay menen Qıpshaq, bunnan keyingi hayalınan Mu`yten menen Qıyat, al onnan keyingi hayalınan Keneges, Man`g`ıt ha`m Teke Yawmıt tuwıladı deydi.

Berdaq solay dep aytadı da Mayqı biyden keyin o`zbek, tu`rkmen, qaraqalpaq ajıralıp ketti degen sheshimge keledi. Yaki:

Mu`yten, Qon`ırat, Qıtay, Qıpshaq,

Keneges-Man`g`ıt jipikdek,

Ba`ri altı ruw qaraqalpaq,

O`zbekten ayrılg`an eken,-dep jazadı.

Bul pikir tariyxıy dereklerge a`dewir sa`ykes keledi, sebebi qaraqalpaqlar XVI a`sirde «Nog`aylının` altı ullı ordası» dep te atalg`an.

Taza temanı ko`rgizbeli prezentatsiya tu`rinde aytıp berip, keyin sol boyınsha qaraqalpaqlar shejiresin terek ta`rizinde su`wretke tu`siriw arqalı Berdaqtın` «Shejire» da`stanı» haqqında tu`sinikler payda boladı. Bul jerde oqıwshılar kitap penen islesiw metodınan paydalanıwı mu`mkin, yag`nıy mug`allim taza temanı tu`sindirip bolg`annan keyin, sabaqlıqtan en` da`slep qaraqalpaq xalqının` shıg`ısı, onnan keyin olardın` bo`liniwlerin, ha`r bir urıwdın` kelip shıg`ıwı, urıwlardın` uranları haqqında tolıq mag`lıwmatlardı da`pterge klasster tu`rinde tu`siriwi mu`mkin.

Klasster metodı berilgen mag`lıwmatlardı ta`rtiplestirip, tarmaqlarg`a bo`liwge mu`mkinshilik beredi. Tema boyınsha klassterdin` to`mendegishe u`lgisin ko`rsetiwimizge boladı.



Taza temanı u`yreniw barısında usı taqılette berilgen mag`lıwmatlardı tarmaqlarg`a bo`lip u`yreniw mu`mkin. Juwmaqlap aytqanda, klasster metodı mag`lıwmatlardı uqsaslıqları boyınsha bo`lip shıg`ıw, u`yrenilip atırg`an tu`sinikler (waqıya, ha`diyse, temalar) ortasındag`ı baylanıslar ham o`z-ara ta`sirlerdi ornatıwtı u`yretedi.

Sabaqtın` keyingi basqıshı, yag`nıy taza temanı bekkemlew barısında ha`r qıylı aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiya metodları ha`m interaktiv shınıg`ıwlardı na`tiyjeli paydalanıw mu`mkin.

«Kategoral tablitsa» metodı mag`lıwmatlardı ta`rtiplestiriw ha`m bo`leklerge ajıratıp shıg`ıw, u`yrenilip atırg`an tu`sinik (waqıya, ha`diyse ha`m temalar) arasındag`ı o`z-ara baylanıslardı ornatıw mu`mkinshiliklerin jaratadı.

Ma`selen, «Kategoral tablitsa» metodın paydalana otırıp, «Shejire» da`stanının` mazmunın oqıwshılar tolıq tu`sinip alıwına boladı. Klasstın` oqıwshıların 5-6 oqıwshıdan ibarat kishi toparlarg`a bo`lemiz, ha`r bir toparg`a belgilengen waqıt berilip, sol waqıt dawamında tapsırmanı orınlaw talap etiledi. Oqıwshılar qaraqalpaqlardın` Mu`yten, Qon`ırat, Qıtay, Qıpshaq, Keneges, Man`g`ıt urıwlarının` kelip shıg`ıwı haqqında mag`lıwmatlardı shıg`arma teksti boyınsha jazıp beriwi tiyis.

| | |
|---|---|
| Mu`yten | Al, Berdaqtın` ko`rsetiwi boyınsha U`shinshi hayalınan Mu`yten menen Qıyat tuwıladı deydi. |
| Qon`ırat | |
| Qıtay | |
| Qıpshaq | |
| Keneges | |
| Man`g`ıt | |

Toparlar «Shejire» da`stanındag`ı mag`lıwmatlardı tolıq u`yrenip shıg`ıp, bul mag`lıwmatlardın` durıslıg`ı mug`allim ta`repinen tolıg`ı menen tekserilip shıg`ıwı tiyis. Toparlar kitaptan jazılg`an mag`lıwmatlardı siltemeler arqalı

da`liyllep beriwi tiyis, bul oqıwshılarda ilimiy jumıslar menen shug`ıllanıw ko`nlikpelerin de payda etedi.

Oqıwshılardın` jeke ta`rtipte jumıs islewin ta`miynlew maqsetinde «Ekige bo`lingen da`pter» metodınan paydalanıw mu`mkin.

«Ekige bo`lingen da`pter» metodı-bul a`piwayı ha`m effektiv metod bolıp, ol teksttin` mazmunın izertlew mu`mkinshiligi, onı jeke ta`jiriybe menen baylanıstırıw ha`m oqıg`an na`rsege jeke mu`na`sibetti jazba tu`rde bildiriwdi u`yretedi.

«Ekige bo`lingen da`pter» metodı shaxstın` bilgen mag`lıwmatların tolıqtıradı, uqıp ha`m ko`nlikpelerin, aqılıy pikirlew, sonday-aq, a`dep-ikramlılıq, estetikalıq sıpatların rawajlandıradı. «Ekige bo`lingen da`pter» metodınan paydalang`an halda oqıwshılardı aktivlestiriwge, o`z betinshe jeke pikirlerin jazba formada beriw arqalı pikirlew qa`biletin, jazba sawatlılıg`ın rawajlandırıw mu`mkin.

| Tu`sinik | Menin` usı ma`sele boyınsha jeke ko`z-qaraslarım |
|---|---|
| Berdaqtın` «Shejire» shıg`arması janrı boyınsha tariyxıy da`stan | Berdaq tek shayır sıpatında g`ana emes, al tariyxshı sıpatında da bahalı miynet do`retken. |

«Ekige bo`lingen da`pter» metodın paydalanıw arqalı oqıwshılardın` jazba sawatlılıg`ın rawajlandıramız, olardın` o`z betiinshe pikirlew qa`biletine ta`sir jasaymız.

Sabaq barısında «Na`tiyjeli baylanıs» degen interaktiv shınıg`ıwdı «Shejire» da`stanın u`yreniw barısında paydalanıw mu`mkinshiliklerin qarastırıp o`teyik. Bul ushın mug`allim oqıwshılarg`a belgili bir tekstti beredi, ol shıg`armadan u`zindi bolıwı da mu`mkin, ma`selen, u`shinshi qatardın` en` son`g`ı partasında otırg`an balanın` qolına to`mendegi tekst jazılg`an kespe

qag`az beriledi, bul u`zindini u`yreniw ushın oqıwshıg`a 2-3 minut waqıt beriledi. Ma`selen, shınıg`ıwdı o`tkeriw ushın to`mendegi u`zindi beriledi:

Ma`liktin` ulı Razıshax,
Yashlıg`ında qoydı g`ulpaq,
Kiygen eken qaraqalpaq,
Shundın «qalpaq» bolg`an eken.

Belgilengen waqıt o`tkennen son` oqıwshının` qolındag`ı kespe qag`az alınadı ha`m oqıwshı o`zinin` aldındag`ı partada otırg`an oqıwshıg`a kespe qag`azda jazılg`an tekstti aytıp beriwi kerek, sol taqılette kespe qag`azda jazılg`an mag`lıwmat qatardın` en` birinshi partasında otırg`an oqıwshıg`a shekem jetip keledi, en` son`g`ı oqıwshı kespe qag`azda jazılg`an mag`lıwmattı qalay aytıp bergenligine qarap, topardın` jumısı bahalanadı.

Bul shınıg`ıw oqıwshılardın` dıqqatın, yadlaw qa`biletlerin rawajlandıradı.

Oqıwshılardın` o`tilgen taza temanı tolıg`ı menen tu`sinip alıwı ushın roli oyınlar metodınan da paydalanıwg`a boladı, bul arqalı sabaqta mug`allimnin` tu`sindirgen mag`lıwmatlarınan, mektep sabaqlıg`ındag`ı materiallardan paydalana otırıp, shıg`ıp so`ylewshi ushın qolaylı bolg`an mag`lıwmattı tayarlap, tema tuwralı tu`siniklerdi teren`lestiriw mu`mkin.

Roli oyınlar metodın paydalana otırıp, jazıwshılar-shayırlar, ilimpazlardın` taza kitapları jarıq ko`rgen waqıtta o`tkeriletug`ın «Kitap prezentatsiyası» yamasa «Press-konferentsiya» rolli oyının sho`lkemlestiriw mu`mkin.

Bul rolli oyındı sho`lkemlestiriw arqalı oqıwshı belgili bir jag`daylarg`a, sharayatlarg`a tu`sip, sol jag`daylarda o`zleri toplag`an bilimler arqalı ha`r qıylı sorawlarg`a juwap beriwdi u`yrenedi. Ma`selen, Berdaqtın` «Shejire» shıg`armasın izertlewshi ilimpazlar toparı ta`repinen jan`a ilimiy monografiya jarıq ko`rdi. Monografiyanın` avtorları, ilimpazlar menen jurnalistler ushırasıwı yamasa press-konferentsiya o`tkeriliwi sharayatı tuwdırıladı, ilimpazlar

sıpatında bir topar oqıwshılar tayarlıqlar ko`redi, al qalg`an toparlar o`z gezeginde jurnalistler sıpatında rolli oyıng`a qatnasadı.

Rolli oyınlardı sho`lkemlestiriw oqıwshılardın` sabaq barısında aktivligin, sabaqqa bolg`an, o`tilip atırg`an temag`a bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın arttıradı.

Solay etip, sabaqtın` bekkemlew basqıshında aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardın` ha`r qıylı metodların ha`m interaktiv shınıg`ıwlardı paydalanıwımız mu`mkin.

Sabaqtın` en` son`ında u`yge tapsırmanı beriw basqıshına to`mendegishe tapsırmanı beriw mu`mkin:

U`yge tapsırmanı beriw (3 minut)

Berdaqtın` «Shejire» da`stanın oqıp, mazmunın so`ylep beriw, urıwlardın` kelip shıg`ıwı tuwralı da`standa ushırasatug`ın an`ızlardı jazıp, mazmunın aytıp beriw.

Juwmaqlastırıp aytqanda, klassikalıq a`debiyatımızdın` talantlı wa`kili Berdaq G`arg`abay ulının` do`retiwshiligi, sonın` ishinde «Shejire» da`stanı qaraqalpaq a`debiyatı tariyxında girewli orındı iyeleydi, Berdaq do`retiwshiligin, a`sirese, «Shejire» da`stanın u`yreniw oqıwshılarımızg`a tek tariyxıy mag`lıwmatlardı ko`rkem formada jetkerip qoymastan olarg`a milliylikti, o`zlikti an`lawg`a da jeterli da`rejede mu`mkinshilikler jaratadı.

Ulıwma orta bilim beretug`ın mekteplerde Berdaq G`arg`abay ulının` do`retiwshiligin, onın` «Shejire» da`stanın oqıtıw boyınsha aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardın` ha`r qıylı metodların ha`m shınıg`ıwlardı paydalanıw mu`mkin, oqıwshılardın` o`z betinshe, o`zi menen qatar klassları menen birgelikte kishi toparlarda yamasa interaktiv tu`rde ha`reket etip taza temanı u`yreniwi a`dewir sapalı boladı, biz o`z jumısımızda ko`rgizbeli prezentatsiyadan tısqarı Berpdaqtın` « Shejire» da`stanın u`yreniw barısında klaster, ekige bo`lingen da`pter, kategorial tablitsa, rolli oyınlar metodları menen birge «kim shaqqan?», «na`tiyjeli baylanıs» shınıg`ıwların qollanıw

u`lgileri keltirip o`ttik. A`lbette, ha`r bir mug`allim o`z pedagogikalıq sheberligine, oqıwshılarının` tayarlıq da`rejesinen kelip shıg`ıp sabaq barısında da`stu`riy usıllar menen birgelikte aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardın` ha`r qıylı metodlarınan paydalanıwı mu`mkin.

## JUWMAQ

Ha`zirgi da`wirde O`zbekistannın` u`zliksiz bilimlendiriw diziminde tiykarg`ı orınlardın` birin iyeleytug`ın ulıwma orta bilim beriw mekteplerin pitkeriwshiler ma`mleketlik ta`lim standartları talapları boyınsha qaraqalpaq a`debiyatın u`yrenedi, sonın` ishinde ayrıqsha qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatı wa`killerinen esaplang`an Berdaq G`arg`abay ulının` do`retpeleri, atap aytqanda Berdaq G`arg`abay ulının` tariyxıy shıg`armaları qatarında «Shejire» da`stanı da u`yreniledi.

Ulıwma orta bilim beretug`ın mekteplerdin` qaraqalpaq a`debiyatı mug`allimi o`z sabaqlarının` na`tiyjeliligin arttırıw maqsetinde, oqıwshılardın` pa`n boyınsha bilimlerin teren`lestiriw ushın da`stu`riy usıllar menen birgelikte aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiya metodlarınan da paydalanıwı mu`mkin. Ha`r qanday sabaq barısında barlıq basqıshlar, yag`nıy sabaqtı sho`lkemlestiriw, u`yge tapsırmanı soraw, taza temanı tu`sindiriw, o`tilgen taza temanı bekkemlew, u`yge tapsırma beriw, juwmaqlaw tolıg`ı menen orınlanıp, barlıq basqıshlar o`tkeriledi.

Bu`gingi ku`n oqıtıw protsessinde oqıwshı menen mug`allimnin` orınlaytug`ın jumıslarının` ko`lemi, xarakteri o`zgerip barmaqta. Mug`allim oqıwshılardın` ma`sla`ha`tshisi, al oqıwshı bolsa aktiv bilim toplawshı jeke shaxs, onı bu`gingi ku`ni oqıtıw emes, al onın` oqıwı talap etiledi. Sonın` ushın pa`nlerdi oqıtıw metodikasında da ayırım bir o`zgerisler ju`z beredi. Sebebi, mug`allim sabaqtın` sho`lkemlestiriwshisi sıpatında oqıwshılardı oqıtıwdın` ha`r qıylı metodların paydalang`an halda jumıs islewge bag`darlap turadı. Oqıtıw metodı - bul go`zlengen yamasa jobalastırılg`an bilim maqsetlerine erisiw ushın za`ru`r bolg`an a`meller izbe-izligi bolıp esaplanadı.

Passiv metod - bul mug`allim ha`m oqıwshı arasındag`ı passiv pedagogikalıq qatnaslar. Mug`allim - sabaqtag`ı oraylıq figura. Oqıwshı passiv tın`lawshı boladı. Passiv metod pedagogikalıq maqsetlerge erisiwde qolaylı metodlardan esaplanadı. Azg`ana waqıtta za`ru`r bolg`an

material tu`sindiriledi. Lektsiya – passiv metodtın` en` ken` tarqalg`an tu`ri esaplanadı. Passiv metod ko`birek qa`liplesip bolg`an insanlar ushın qolaylı bolıp tabıladı.

Aktiv metod - Oqıwshı sabaqtın` aktiv qatnasıwshısına aynaladı. Mug`allim sabaqtın` bas «hu`kimdarı» wazıypasınan bosatıladı. Oqıwshı ha`m mug`allim o`z-ara ten` huqıqlı qatnasıwshılarg`a aynaladı. En` tiykarg`ısı aktiv metodta mug`allim ha`m oqıwshı arasında pedagogikalıq birge islesiw payda boladı. İnteraktiv metodlar aktiv metodlardın` zamanago`y forması esaplanadı.

İnteraktiv metod - «Inter» - birgeliktegi, «act» - ha`reket. Birgeliktegi ha`reket, sa`wbetlesiw protsessinde bolıw, dialog. Pedagogikalıq protsess barlıq qatnasıwshılardın` pedagogikalıq maqsetlerge bag`darlang`an ken` qatlamlı qatnasıqları. Oqıw protsessinde tek mug`allim menen oqıwshı emes, al oqıwshılar da o`z-ara birgelikte jumıs isleydi.

Mug`allimnin` tiykarg`ı wazıypası oqıwshılar iskerligin pedagogikalıq maqsetlerge bag`darlawdan ibarat. Mug`allim sabaqtı mug`allim-oqıwshı, oqıwshı-oqıwshı arasındag`ı qatnasıqlardı na`zerde tutqana halda rejelestiredi. Ha`r qıylı shınıg`ıwlar, wazıypalar, oyınlar tiykarında sabaqtı sho`lkemlestiredi.

İnteraktiv bilimlendiriw protsessinde:

Mug`allimnin` tiykarg`ı wazıypası sabaqtın` maqsetine oqıwshılardın` o`z betinshe iskerligin bag`darlawg`a qaratıladı. Usıg`an sa`ykes halda wazıypalar belgilenedi. Wazıypalar bolsa interaktiv metodlar tiykarında sho`lkemlestiriledi.

Belgilengen wazıypalardı oqıwshılar o`z betinshe orınlaydı. Wazıypalardı orınlaw barasında oqıwshılar o`z betinshe juwmaqlar jasaydı, o`tilgen materiallardı o`zleri bekkemleydi. Sonın` menen birge jan`a materiallardı da o`zleri u`yrenedi.

İnteraktiv bilimlendiriw–birgeliktegi iskerlikti sho`lkemlestiriw, sa`wbet, dialoglar ortalıg`ın payda etiw.

İnteraktiv metodlarda oqıwshı tek mug`allim menen g`ana emes, al o`zlerinin` de birgeliktegi iskerligine tiykarlanadı.
Bilim alıw protsessinde tiykarınan oqıwshılardın` aktivligine itibar qaratıladı.
Usı joqarıda keltirilip o`tilgen metodlardı biri-biri menen salıstıra otırıp, to`mendegishe juwmaq jasawımız mu`mkin, sabaq barısında tek passiv metodtı paydalang`an mug`allim sabaqta tek o`zi aktiv jumıs islewi mu`mkin, al aktiv metodtı paydalanıw arqalı mug`allim tek oqıwshılar menen islesiwi, yag`nıy soraw-juwap o`tkeriwi, belgili da`rejede oqıwshılardın` sabaq barısında jumıs islewine, ha`reket etiwine mu`mkinshilik jaratıwı mu`mkin, bul metodlar burınnan pedagogikada ju`da` keqollanılıp kiyatır. Ha`zirgi da`wir pedagogikasında qollanılıwı talap etilip atırg`an interaktiv metodlar bolsa tek mug`allim ha`m oqıtıwshı emes, al oqıwshılardın` birgelikte islesiwin, olardın` o`z-ara birgelikte islesiwi arqalı taza mag`lıwmattı o`zlestiriwi na`zerde tutıladı ha`m bul interaktiv metodlar ju`da` jaqsı na`tiyjelerdi beredi.

Oqıtıwdın` birgelikte islesiwge tiykarlang`an tu`rinin` abzallıqları:

İnsanlar arasında unamlı mu`na`siybetlerdi qollap kuwatlaw;

Oqıwshılarda qorqıw da`rejesin kemeytedi;

Ashıq, na`tiyjeli ha`m durıs qatnaslardı (kommunikatsiya) qollap-quwatlaydı;

Oqıwshılardın` biyparwalıg`ın da`rejesin kemeyttiredi;

Ta`limde "ha`r kim ha`r kimdi oqıtadı" printsipin qollap-kuwatlaydı;

Ko`p tarawlı ha`m ko`p tu`rli oqıtıwdı engiziwge ja`rdemlesedi;

Divergent (basqalardikinen parıq etiwshi) pikirlewdi rawajlandıradı.

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızda qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatımızdın` wa`kili do`retiwshiligi, atap aytqanda Berdaq G`arg`abay ulının` do`retiwshiliginde belgili orın iyeleytug`ın tariyxıy shıg`armaları arasında «Shejire» da`stanın oqıtıw metodikası qarastırıldı.

Berdaq do`retiwshiligindegi «Shejire» da`stanın oqıtıwda to`mendegishe metod ha`m shınıg`ıwlar usınıs etildi:

«Shejire» da`stanı mug`allim ta`repinen vizual ko`rgizbeli prezentatsiya tu`rinde tu`sindiredi. Prezentatsiyadan keyin oqıwshılarımızdın` o`z betinshe jumıs islewi ushın ha`r qıylı metodlardı paydalanıw mu`mkin. Mısalı ushın «Shejire» da`stanın tolıg`ı menen tu`sinip alıw ushın mug`allim oqıwshılarg`a kitaptan belgili bir mag`lıwmatlardı tabıw, sol arqalı da`stannın` teksti menen tanısıw jag`dayların jaratıladı. Oqıwshı o`z betinshe kitaptı oqısa, toparlarda belgilengen jumıslardı orınlasa, yag`nıy mug`allim ta`repinen tayarlang`an sorawlarg`a kesteler metodın paydalang`an halda toparlarda jumıs alıp barsa, esitiw, ko`riw ha`m a`meliy jumıslardı orınlap, ma`selelerdi dodalaw arqalı oqıwshı taza temanı o`zlestiredi.

Ulıwma orta bilim beretug`ın mekteplerde Berdaq G`arg`abay ulının` do`retiwshiligin, onın` «Shejire» da`stanın oqıtıw boyınsha aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardın` ha`r qıylı metodların ha`m shınıg`ıwlardı paydalanıw mu`mkin, oqıwshılardın` o`z betinshe, o`zi menen qatar klassları menen birgelikte kishi toparlarda yamasa interaktiv tu`rde ha`reket etip taza temanı u`yreniwi a`dewir sapalı boladı, biz o`z jumısımızda ko`rgizbeli prezentatsiyadan tısqarı Berpdaqtın` «Shejire» da`stanın u`yreniw barısında klaster, ekige bo`lingen da`pter, kategorial tablitsa, rolli oyınlar metodları menen birge «kim shaqqan?», «na`tiyjeli baylanıs» shınıg`ıwların qollanıw u`lgileri keltirip o`ttik.

Ko`rgizbelilik ju`da` jaqsı na`tiyjelerdi beredi, sebebi, adamnın` psixologiyalıq o`zgeshelikleri sonnan ibarat, tek esitkennen go`re, u`yrenilip atırg`an mag`lıwmattı, yag`nıy taza temanı ko`riw organları arqalı da qabıl etiw jaqsıraq na`tiyje beredi, sol ushın sabaq protsessinde mug`allim vizual-prezentatsiyanı paydalang`an maqsetke muwapıq boladı, sonın` menen birge ha`zirgi waqıtta sabaq dawamında oqıwshılarg`a komp`yuter texnologiyalarının` jetiskenliklerinen paydalang`an halda sabaq o`tiw, aytayıq, tek prezentatsiya emes, al shıg`armadan u`zindini ko`rkemlep oqıw arqalı esittiriw de unamlı na`tiyjelerdi beredi. Bunın` ushın mug`allim o`z isinin`, o`z

ka`sibinin` pidayısı bolıwı kerek. Bu`gingi ku`ni pa`nlerdi oqıtıw metodikası sonnı ko`rsetip atır, da`stu`riy usıllarg`a salıstırg`anda sabaq barısında aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw unamlı na`tiyjelerdi beredi, oqıwshı sabaq barısında o`z betinshe, ja`ma`a`tte, o`z klasslasları menen birgelikte ha`reket etiw mu`mkinshiliklerine iye boladı, bul bir ta`repten oqıwshılar kollektivinin` awızbirshilikte jumıs islew ko`nlikpelerin payda etse, ekinshiden, oqıwshılardın` taza mag`lıwmattı o`z oy eleginen o`tkeriwi arqalı mag`lıwmattı teren`rek tu`siniw mu`mkinshilikleri payda boladı.

A`lbette, ha`r bir mug`allim o`z pedagogikalıq sheberligine, oqıwshılarının` tayarlıq da`rejesinen kelip shıg`ıp sabaq barısında da`stu`riy usıllar menen birgelikte aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardın` ha`r qıylı metodlarınan paydalanıwı mu`mkin.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq a`debiyatı sabaqlarında mektep mug`allimi ha`r qıylı metodlardan paydalang`an halda oqıwshılardın` aktivligin ku`sheytip, oqıwshılardın` a`meliy jumıslar orınlawı arqalı, ko`rkem shıg`armalardın` tekstin oqıw arqalı a`debiyat pa`nin u`yretiwi, milliyligimizdi ha`m a`zligimizdi teren`rek an`lawdı u`yretiwi kerek.

# A`DEBİYATLAR

1.Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz kelajak ywq.–Toshkent, 1998.

2.Karimov İ.A. Joqarı ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh.–Toshkent: Ma`naviyat, 2008.

3. Ayımbetov Q. Xalıq danalıgı. - No`kis: Qaraqalpaqstan, 1988.

4. S.Axmetov, A`.Paxratdinov, A.Pirnazarov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası, N.,1998

5. A`.Paxratdinov Mekteplerde qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıwdın` aktual` ma`seleleri, N.,1989

6. A`.Paxratdinov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıwdın` geybir metodikalıq ma`seleleri, N.,1991

7. A`.Paxratdinov Qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası, N., 2004

8. K.Palımbetov, İ.Pirniyazov, R.Berdimuratova A`debiyattı oqıtıw metodikası, N.,2009

9. A.Pirnazarov Berdaq shıg`armalarında qollanılg`an do`retiwshilik usıllar N., Bilim,1998

10.Q.Yuldashev Adabietni wqitishning ilmiy-nazariy asoslari T., 1996

11.S.Dalimov, X.Ubaydullaev, K.Axmetov Adabietni wqitish metodikasi T., 1967

12. Bilimlendiriw innovatsiyaları N., 2005

13. B.Sultanov, A.Tilegenov, T.Baynazarov Yangi pedagogik texnologiya asoslari T., 2007

14.Berdaq haqqında so`z. A`debiy-kritikalıq maqalalar. - No`kis: Qaraqalpaqstan, 1987.

15.Sag`itov İ. Sahra bu`lbili. -No`kis: Qaraqalpaqstan, 1974

16.Paxratdinov A`.Berdaq shayırdın` da`stanlıq shıg`armaları. - No`kis: Qaraqalpaqstan, 1987

17.Paxratdinov A`.Berdaq shayır tvorchestvosının` jıynalıw, basıp shıg`arılıw ha`m izertleniw tariyxınan. - No`kis: Qaraqalpaqstan, 1990

18.Paxratdinov A`.Berdaq shayırdın` ko`rkemlik du`n`yası. - No`kis: Qaraqalpaqstan, 2007
19.Pirnazarov A.Berdaq shıg`armalarında qollanılg`an do`retiwshilik usıllar. - No`kis: Bilim, 1998
20.Ma`mbetov K. Qaraqalpaqlar shejiresi. - No`kis: Bilim, 1993